

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

***Lafanmi
Fondman sosyete a***

Refleksyon pou tan Karèm 2022

Ane litiji C

**Pòtoprens, janvye 2022
26yèm lane**

Se Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè ki prepare refleksyon sa yo. Nou remèsye tout moun ki bay konkou yo pou ede prepare epi korije tèks sa yo : Madam Jocelyne Colas Noel, Pè Gasner Joint, omi, Pè William Smarth, Sè Nadige Jean-Charles, fdlS, Madam Marie-Bellanie Augustin, P. Guy Vandecandelaere, cism, P. Robert Ternier, Mme Muse Nadège, M. Pierre Yoldy Clermont, P. Attilus B. Desca ; Pastoral Familyal la : Dr Jean-Marie ak Mimine Caidor, Arthur ak Mimine. Ak kolaborasyon gwoup GRR-JILAP ki te reyini sou kondisyon fanmi yo nan peyi a. Kòdinasyon : Pè Jan Hanssens, cism, ak Sekretarya nasyonal JILAP.

2022 se 26yèm ane depi travay sa ap fèt

Komisyon an kapab pibliye dokiman sa a, gras ak konkou lajan Eglise en Détresse epi Adveniat. Se Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè sèl ki reskonsab sa ki ekri nan dokiman sa a.



*Nou pibliye 6.000 kopi nan dokiman an
Kopi separe koute 80 goud*

Kouvèti

Yon ti mo pou louvri pòt Karèm 2022

Nan tan karèm nou toujou vle gade sa lafwa n di n sou nou menm moun ak sosyete n ap viv ladan an. Sosyete a nan kriz. Men nou pa dwe bliye, se fanmi yo ki fondman oswa premye wòch sosyete a, kote timoun ak jèn yo ramase sa k enpòtan pou lavi a. Anpil bagay se nan fanmi an yo pran yo. Nan fanmi an nou fòme kè nou ak konviksyon pwofon nou yo. Koze fanmi an enpòtan nan lavi a ak nan Ansèyman sosyal Legliz la tou. Konsa, Komisyon Jistis ak Lapè pwopoze « Lafanmi, fondman sosyete a » kòm tèm refleksyon pou tan karèm nan lane 2022.

An menm tan, nou gade Amoris Laetitia. Sa fè 5 lane kounye a, depi Sinòd la ki te fèt sou fanmi yo mete konklizyon li yo deyò. Dokiman final la rive pibliye 19 mas 2016. Konsa, 5 lane pi ta, Pap Franswa deklare lane 2021-2022 yon « Ane Amoris Laetitia » pou n antre pi fon nan mesaj dokiman an. Ane a te komanse 19 mas 2021, l ap fini 26 jen 2022.

An menm tan, lane 2021 pou rive 2023 se yon tan Sinòd nan Legliz la, kote yo envite fidèl yo reflechi sou sa yo ye kòm Legliz Jezikri a, ak kalite relasyon youn dwe tabli youn ak lòt. Fanmi an kapab yon modèl pou jan n aji nan Legliz la tou.

*Nan JILAP nou kwè, lafanmi enpòtan pou konprann kriz sosyete nou an. Tout aktè sosyal ak politik yo sòti nan yon fanmi. Yon bon sitwayen ou sitwayèn sòti nan yon fanmi. Eksperyans yo te fè depi lakay genyen enpòtans pou konpòtman yo kòm lidè anndan sosyete a. Tout bèl eksperyans ak tout fristrasyon parèt nan konpòtman sosyal ak politik yo. Lafanmi se yon kote ki kapab ede n jwenn wout pou (tanmen) geri sosyete a tou. **NOU DWE ENVESTI NAN FANMI NOU YO.***

Bon tan Karèm 2022 - Ekip redaksyon CE-JILAP

Men ki sa n ap jwenn nan ti gid tan Karèm nan sa a :

Pou chak dimanch nou jwenn :

- Yon tèm ak yon soutèm ki ranmase yon lide prensipal pou dimanch lan. Dabò nou gade Levanjil dimanch yo ak fason Jezi aji. Apresa, nou gade ki sa sa vle di pou Jistis sosyal n ap chèche a.
- **Kalkile sou Pawòl la : nou gade moso Labib litiji a bay pou chak dimanch :**
 - Nou gade lekti sa yo nan limyè tèm Karèm nan : lafanmi se fondman sosyete a;
 - Nou gade tou kisa moso Labib yo pote nan tèm chak dimanch yo.
- Yon senbòl pou chak dimanch, ki kapab ede pou fikse tèm nan nan lespri fidèl yo.
- Pou reflechi ak gwoup yo ak jèn yo sou tèm dimanch lan, pou konprann ki jan fanmi ak sosyete a mare ansanm.
- Tèks la sijere tou pou chak dimanch youn nan prensip Ansèyman sosyal Legliz la, pou n kapab konprann ansèyman sa a pi byen.
- Yon istwa, yon parabòl, yon modèl kapab ede n konprann mesaj la pi byen toujou.
- Nan finisman liv la, nou jwenn kèk lapriyè pou fanmi yo kapab jwe wòl yo nan travay pou yon lòt sosyete. Yo soti nan divès tradisyon jwif ak kretyen yo.

Lis gwo dokiman Ansèyman Sosyal Legliz la ki parèt nan refleksyon yo :

AL : Amoris Laetitia, Kè kontan Renmen an.

CL : Christifideles Laici, Wòl fidèl layik yo.

CV : Caritas in Veritate, Renmen nan Laverite.

DM: Dives in Misericordia, Bondye rich nan Kè sansib.

EG : Evangelii Gaudium, Kè kontan Levanjil la.

FT: Fratelli Tutti, Tout se frè.

GE : Gaudete et Exultate, Se pou kè n kontan, se pou n nan lajwa.

GS : Gaudium et Spes, Kè kontan ak Espwa.

LS : Laudato Si, Lwanj pou Ou.

MV : Misericordia Vultus. Vizaj Kè sansib la.

SRS : Sollicitudo Rei Socialis. Preyokipasyon pou Zafè sosyal yo.

**Premye dimanch tan Karèm
6 mas 2022**

Jezi montre sa k nesesè pou lavi sosyete a

Egoyis ak anvi pouvwa detwi fanmi yo ak sosyete a

**Detewonòm 26, 4-10. Li tandè rèl nou... Li mennen n isit la.
Lèt Wòm 10, 8-13. Lè w kwè nan kè w, sa fè w vin moun kòrèk.
Lik 4, 1-13. Di wòch sa a tounen pen ...**

Ann medite sou Pawòl la

Nan kòmansman tan Karèm nan, n ap swiv Jezi, ki fenk kite kay fanmi Nazarèt la, pou ale nan dezè a. Legliz la envite n pou n gade pwòp lavi n ak sosyete nou an. Anpil fwa moun ap di : lavi a di, peyi a fini, sosyete a pa bay anyen. Fanmi yo nan degraba. Epoutan se moun ki fè ni fanmi yo, ni sosyete a. Nou reskonsab pwòp lavi n ak pwòp sosyete nou. Li enpòtan pou n gade byen ki sa k ap menase detwi lavi fanmi yo, sosyete nou an ak lavi moun pòv yo.

N ap viv nan yon sosyete kote enjistis ap taye banda, kote pa gen kè sansib, kote yo san pitye pou pòv, malere ak moun yo mete sou kote yo. Men Bondye tandè rèl yon pèp ki nan esklavaj, ki sa sekou, li mennen l kote lèt ak siwomyèl ap koule (premye moso Labib).

Levanjil la mete Jezi anfas gwo tantasyon yo ki menase chak kretyen vivan sou latè nan relasyon l ak lòt yo, ak lakreyasyon ni ak Bondye tou. Ki sa k sous enjistis, divizyon, entolerans, ki sa k fè kè n vin di pou lòt yo, si se pa egoyis, renmen tout ak anvi pouvwa? Pouvwa ak otorite politik, pouvwa ekonomik ak pouvwa relijye fè moun vin avèg fasil. Politik la, ekonomi an ak zafè relijyon an

reprézante 3 domèn nou pa kab retire nan lavi a. Paske yo enpòtan, yo fasilman tounen yon sous k ap nourri tout kalite egoyis nan relasyon n ak lòt.

« **Fè wòch sa yo tounen pen.** » Tantasyon an touche pouvwa ekonomi an bay. Moun pa kab viv si pa gen aktivite ekonomik pou pwodui, pou fè komès, pou sèvi ak byen. Tout moun ap chèche sekirite pou manje, pou gen kay ... Men gade sa moun ap fè pou ranmase byen, ak sa y ap fè ak pouvwa poutèt byen yo genyen. Kòm rezilta nou jwenn: gen fanmi rich, gen fanmi pòv; anpil fanmi pa kab satisfè bezwen yo: yo rete nan lari, san manje, san kay ; pitit yo pa kapab al lekòl, poutèt mwayen yo manke ak poutèt ensekirite. Gen jèn ki lage kò yo nan kriminalite. Koripsyon layite kò l nan sosyete a. Pap Franswa rele koripsyon yon gwo lènmi kè sansib la. Sitiyasyon peyi a ap viv mande pou n ansiste sou mal sa a.

Maleng k ap santi move konsa anndan sosyete a [Pap Franswa pale sou koripsyon an] se yon peche grav k ap rele fò pou syèl la tandè, paske l ap detwi lavi moun ak sosyete a jouk nan rasin li. Koripsyon fè n pa kab gade lavni ak espwa, paske li awogan, li vle tout pou li, l ap detwi pwojè moun fèb yo epi li pouse do moun pòv yo. ... Koripsyon se rete fikse nan peche k ap chèche mete lajan nan plas Bondye, tankou yon fòm pouvwa. (MV, n. 19)¹.

« **M ap ba w tout pouvwa, si w adore m.** » Dezyèm tantasyon sa a montre n sa k rive lè yo pa sèvi byen ak otorite epi ak pouvwa politik, lè nou pran yo pou bondye. Gade alantou nou, nan pwòp lavi n, nan fanmi nou yo ak nan peyi nou, kisa moun ap fè pou yo kapab dominen lòt moun. Nan fon kesyon an, tout bagay tounen sou yon sèl pwen : lòt la se pa yon frè, yon sè : li se yon sous pou tire avantaj ak onè. Lè sa fèt lakay moun, fanmi an detwi. Paran fè abi sou pitit, frè sou sè, papa ak manman youn ap detwi lòt. Pa kab gen byen viv ansanm.

Koze otorite nan gwoup yo ak politik nan sosyete a se yon dimansyon nan lavi moun ki nesèsè. Nou dwe òganize yo tankou yon sèvis pou kominote a ak peyi

¹ MV: *Misericordiae Vultus, Vizaj Kè Sansib la*, se konsa dokiman ki te anonse Ane Kè Sansib la (2016) te rele. Nimewo a di n ki kote nou jwenn tèks la anndan dokiman an. Anpil dokiman Legliz kondane koripsyon ak enpinite. Gade tou plizyè Mesaj Evèk Ayiti yo (CEH).

kote n ap viv la. Si se pa sa, politik la ak batay pou pouvwa ap divize kominote nou yo. Y ap tounen yon zouti pou satisfè pwòp bezwen ak anvi sa k kenbe pouvwa a, san n pa pale sou tout patizànri, enpinite, magouy ak lajan k ap divize popilasyon yo, k ap fè pòv yo vin pi pòv. Se konsa sa konn ye nan fanmi yo tou, se konsa sa ye nan òganizasyon yo, se konsa sa ye nan yon peyi.


« **Lage kò w anba, Bondye ap voye zanj li yo.** » *Relijyon mare chak moun ansanm ak sa ki bay vi l tout sans li.* Fason n viv relijyon an montre n ki kalite relasyon nou genyen ak Bondye li menm. Anpil moun vle genyen pouvwa sou Bondye, yo vle manipile Bondye, yo vle pou Bondye koresponn ak pwòp enterè ak avantaj yo. Yo pa sèvi Bondye Papa kè sansib la, men yo sèvi yon zidòl, epi yo sèvi ak non Bondye pou dominen lòt, pou asire epi pwoteje enterè pa yo. Y ap chèche mirak pou kouvri mank reskonsablite yo. Relijyon an konn sèvi kouvèti pou tout kalte enjistis ak esplwatasyon. Chak fwa nou fè sa, nou tonbe nan sipèstisyon, maji, idolatri ki anpeche n viv larelijyon toutbon vre a. Tantasyon Jezi sibi pou lage l kò l anba, ede n konprann ki sa k menase tout moun ki gen pouvwa ak otorite relijye nan men yo. Tantasyon sa a menase fanmi yo tou, paske pwoblèm yo anpil, souvan moun pa wè ni devan ni dèyè. *Jezi te montre n gade Bondye ki se Papa tout moun, ki envite nou viv tankou frè ak sè, nan kè sansib ak jistis. Se depi lakay nan fanmi yo nou dwe aprann konsidere Bondye konsa.*

Depi nan ansyen tan yo, Bondye sansib pou tray pòv yo ak sa viktim yo ap pase. Se konsa sa te ye lè l te wè pèp la ap pase tray nan peyi Lejip epi li te deside vin delivre l. Yave libere tout pèp li a, tankou yon sèl fanmi, anba esklavaj Lejip la.

Se menm Bondye kè sansib la ki mande n batay pou relasyon moun ak moun pou jodi a ak demen ka vin kòrèk, pou pa gen lenjistis, mepri, esplwatasyon ankò, kote n viv selon sa k kòrèk, kote chak moun konsidere valè ak diyite lòt yo.

Yon senbòl pou dimanch sa a

Lajan, senbòl pouvwa ... nou bezwen lajan pou fè ekonomi, pou kreye relasyon ak lòt moun. Lajan kapab yon zouti pou montre solidarite ak tèt ansanm, lè gen bon echanj, travay ansanm ak pataj.



Pi souvan, lajan se sous egoyis, lit pou pouvwa, li vin tounen yon zouti pou koripsyon, pou tout kalite komès ak trafik dèyè do lalwa. Aktivite ekonomik yo tou kreye anpil esplwatasyon ak enjistis.

Refleksyon pou gwoup yo

Reyalite ak defi pou fanmi yo (an Ayiti)

Nou di: se fanmi an ki fondman sosyete a, men sosyete a sanble pa kwè ankò nan fanmi yo ak sa yo bay. Egzanp: anpil ansyen koutim pèdi, tankou respekte granmoun, salye yo, timoun pa dwe rete kote granmoun ap pale; papa soutni otorite manman, el. Eske fanmi yo pèdi nan enflyans yo te genyen an?

Gen yon kontradiksyon ant valè fondamantal yo fanmi an bay ak sa sosyete mete devan jèn yo kounye a. Tout fanmi yo tou pa ankouraje menm valè yo. Gen granmoun ki manke pran responsablite yo, paske yo menm manke fòmasyon, oubyen poutèt metòd edikasyon an manke adapte.

Metòd edikasyon an tou pa menm selon fanmi yo: gen fanmi kote yo sèvi ak baton, san pa gen esplikasyon, kote yo rele sou timoun yo. Timoun yo « refoule » bagay sa yo, sa genyen enflyans sou konpòtman yo pi devan. Men gen lòt fanmi tou kote yo kreye bon dyalòg ak timoun, ak jèn yo.

Gen pwoblèm ekonomik yo, lè paran yo pa gen dekwa, sa kreye pwoblèm ak tansyon lakay. Gen tout yon seri nouvo pwoblèm ki vin sou fanmi yo; paran yo pa pare pou sa: kesyon move itilizasyon telefòn, intènèt, tablèt, rezo sosyal yo, el. Mwayen elektwonik yo gen konsekans ekonomik ak mantal, paske tout kalite lide antre lakay jèn yo.

Timoun yo pa chwazi paran, frè ak sè yo. Paran yo pa chwazi pitit yo. Yon pitit se yon kado nou resevwa. Bondye konfyè nou li. Se paran yo ki premye edikatè li, ki pi pre li. Okontrè, jèn yo chwazi zanmi yo epi yo kite yo enfliyansè yo. Timoun yo toujou ap gade sa papa ak manman ap fè pou imite yo. Menm lè yo granmoun, yo gen tandans fè menm jan ak pitit yo, jan yo te konn wè papa ak manman yo te fè. Gen defwa tou, paran yo pa bay bon egzanp: yo vyolan, yo bwè tafya, yo pa fè sa yo mande timoun yo pou yo fè. Pi devan, n ap blije retounen sou koze edikasyon nan fanmi yo.

Fanmi an dwe yon vrè ti kominote Legliz nan kò kay la; nan men paran yo timoun aprann konnen Bondye. Fas Bondye parèt nan fas paran yo. Chak siy lakwa fè paran yo sonje se nan non Bondye yo aji. Yo pa pwopriyete, men gadyen.

Edikasyon nan lekòl pa ranplase fanmi yo. Dayè li koute chè (yon lekòl prive nan kapital la, koute fasilman jiska \$1,000 US ou 100.000 HTG pou lane 2021-22 pou pi piti). Konsa, edikasyon an genyen plizyè vitès. Sa kreye diskriminasyon nan mitan elèv diferan lekòl yo. Sa fè distans sosyal nan sosyete a grandi ... ansanm ak fristrasyon lakay moun yo ki gen pwoblèm ak jèn yo ki pa gen menm chans. Kòm konklizyon nou blije di: se pa lekòl la ki fè jèn ale oswa pa ale nan gang; anpil chèf gang te jwenn yon bon fòmasyon, yo konn òganize, epi yo entelijan.

Ki sa nou menm nou kapab ajoute sou sitiyasyon fanmi yo, sou relasyon fanmi yo ak sosyete a, sou gwo defi fanmi yo rankontre?

Legliz sou lafanmi

AL (Amoris Laetitia), n. 32-57² sou dwa fanmi yo

Nou fè n sonje: chak fanmi gen dwa pou jwenn yon kay ki desan [kòrèk], ki adapte pou yon fanmi kab viv ladan l selon kantite moun li genyen, nan yon anviwònman ki asire sèvis baz ki nesèsè yo pou fanmi yo ak kolektivite a. Yon fanmi ak yon kay se de (2) bagay ki mache men nan men. Egzanp sa a fè n wè nou dwe ensiste sou dwa fanmi yo, pa sèlman sou dwa chak moun genyen yo. Fanmi an se yon byen sosyete a pa kapab neglije, men ki merite yo pwoteje l. [...] nan tan n ap viv la, an jeneral, yo pa ba l yon gwo plas nan kad pwojè politik yo. Nan mitan lòt dwa yo, fanmi yo gen dwa pou yo kapab konte sou yon politik famiyal kòrèk nan men pouvwà piblik yo nan diferan domèn tankou nan domèn jiridik, ekonomik, sosyal ak fiskal. (AL, n. 45).

Legliz la plede pou Leta yo elabore yon kòd pou fanmi yo nan lejislasyon peyi yo. Konstitisyon 1987 peyi a mande l tou. Eske nan peyi a genyen yon Kòd ki dekri dwa ak devwa fanmi yo genyen? Nou rele yon Kòd, yon lwa ki rasanble tout lwa yo ki konsènen yon sijè an patikilye, tankou lafanmi. Konsa toujou, genyen Kòd penal ak Kòd pwosedi penal. Genyen yon Kòd Sivil, yon Kòd Travay.

Selon nou menm, ki sa yon Kòd pou fanmi yo ta dwe genyen ladan l?

Dwa fanmi yo

AL plede pou yo respekte dwa fanmi yo genyen.

Eske fanmi yo gen dwa ? Ki dwa yo ye? Eske dwa sa yo itil sosyete a?

Men ki dwa AL di fanmi yo dwe genyen:

- ✓ Dwa pou pwoteje lavi, anvan l fèt, lè l fèt ak lè l granmoun e fèb... Tout sosyete a dwe sansib pou pwoteje lavi.
- ✓ Dwa sosyal yo dwe la pou tout fanmi yo: dwa pou timoun yo al lekòl, pou tout moun jwenn kèk swen lasante, ...

² AL : *Amoris Laetitia*, ki se dokiman final sou Sinòd sou lafanmi, 2017.

- ✓ Dwa pou swiv vwa konsyans yo. Sosyete a dwe sansib pou konsyans moun yo, tankou dwa pou pratike larelijyon jan konsyans yo di yo, ...
- ✓ Dwa minorite yo. Depi yon moun fèb, depi l fè pati yon gwoup ki pa kab pale fò, sosyete a vle bliye yo. Gade kondisyon moun ki andikape, moun ki gen diferan tandans ak oryantasyon nan kò yo ki pa menm ak majorite a.³ Legliz di: tout moun gen diyite epi li merite respè.

Respè pou dwa yo, se fondman yon sosyete kote moun viv epi pratike renmen, kote kab gen libète ki pa libètinaj, kote tout moun kapab pran responsablite e patisipe nan tout sa k gade lavi nan sosyete a. Se nan yon fanmi timoun ak jèn kapab aprann renmen, libète ak responsablite sa yo nan respè pou lòt yo.

Yon ti gade nan Ansèyman sosyal Legliz (ASL) la

**Tout moun gen diyite,
tout moun egalego**

Nan ansèyman sosyal li, Legliz anseye tout moun gen menm diyite ak valè. Konn gen diferans nan mitan moun, men sa pa chanje anyen nan valè moun genyen ak respè li merite pou diyite l.

Kesyon: Kijan pou viv diferans sosyal yo, san n pa konprann sa afekte diyite moun? Gade rich ak pòv nan peyi a, ak jan moun yo viv reyalyte a? Eske chak moun pa merite yon minimòm ki koresponn ak diyite l? Ki wòl sitwayen yo? Ki wòl Leta a? Ki wòl sektè prive a?

Diyite moun

³ Ti dokiman karèm nan pa pèmèt devlope tout kesyon “jan an”. Nou fè sonje yon dokiman Congregation pour l’Education catholique te pibliye: *Il les créa home et femme. Pour un chemin de dialogue sur la question du Genre dans l’éducation*, Cité du Vatican, 2019, 26 p. Gade nan Bilten JILAP, n. 35, p. 22-24.

Ki sa Legliz la anseye sou diyite chak moun genyen ; epi, ki jan diyite moun sa a se fondman travay nou pou reyalize Jistis sosyal pami tout moun ak nan sosyete a.

Men ki sa Legliz la deklare :

Diyite moun nan parèt akèlè ak tout bèlte l, lè n gade ki kote li soti, ak ki kote li mennen n. Bondye kreye moun nan pou l pòtrè ak li, selon imaj li, pou l sanble ak li. Kris la rachte l ak san l ki koute chè a. Vokasyon moun nan se pou l « pitit nan Pitit la » ak yon tanp vivan pou Lespri Sen an. Destine moun nan se pou l viv pou tout tan nan yon kominyon ak Bondye. Pou tout rezon sa yo, tout vyolasyon diyite yon moun rele kòt Bondye pou mande yon sanksyon, paske li ofanse Sila a ki te kreye moun nan. (CL, n. 37)⁴.

Moun gen diyite l depi fèt nan vant manman l, epi li pa pèdi l, menm si l vin gaga. Apre nou fin wè diyite chak moun genyen, nou dwe gade tou ki sa k defigire l. Moun pa pèdi diyite ki montre se moun nou ye. Nou kapab aji yon fason ki depaman ak sa n ye a menm. Lè moun komèt yon krim, kriminèl la avili tèt li ak zak li poze a. Kapab gen kondisyon tou ki pa fèt pou moun, men gen moun ki blije viv ladan l, tankou gwo lamizè kote moun blije viv nan kras. Anpil timoun pa ale lekòl pou devlope talan yo, anpil lòt pa jwenn swen lasante tandiske sosyete a ap gaspiye pakèt resous li genyen: tout sa difigire diyite n genyen kòm moun ni pou sa k viktim sitiyoasyon sa yo, ni pou sa k lakòz yo.

Jezi, pandan tout lavi l, envite n rekonèt pwòp figi pa l nan sa frè ak sè ki pi piti yo. Konsa, Jezi montre diyite yo genyen nan je Bondye. Yon diyite yo pa janm pèdi, nenpòt nan ki kondisyon sosyete a pouse yo. Nenpòt ki enjistis sosyete a fè yo sibi.

Yon dènye pawòl

Nou pa dwe rele devlopman ak avansman, sa k detwi yon lòt.

Nou pa dwe rele pwogrè, sa k diminye yon lòt.

Nou pa dwe rele libète, sa k fè yon lòt pèdi dwa l pou l reyalize tèt li.

Nou pa dwe rele kominote [kote tout moun pa gen menm respè],
kote sa k pi piti a pa jwenn tout atansyon li merite.

Se nou menm ki pou tounen chanjman an nou vle wè nan mond lan.

(Mahatma Gandhi)

⁴ CL : *Christifideles laicis. Wòl fidèl layik yo.*

Dimanch 13 mas 2022

Jounen Nasyonal Jistis ak Lapè

Komisyon Jistis ak Lapè (JILAP), se yon zouti pastoral sosyal Legliz la, menm jan ak Karitas, Komisyon Episkopal pou Edikasyon Katolik, Komisyon pou Migrasyon, ak plizyè lòt. *Objektif li se lite pou diyite ak respè dwa chak moun. Komisyon an prezan nan tout dyosèz nan peyi a. Li prezan nan 335 pawas nan peyi d Ayiti. « Dimanch Jistis ak Lapè » se yon okazyon pou fè fidèl yo konnen pi byen kisa Komisyon Jistis ak Lapè a ye.*

Ane sa a, Jilap ap genyen 52 lane nan peyi dAyiti

Men ki aktivite Komisyon sa a mennen nan peyi a :

- Fòmasyon pou mennen aksyon sou respè pou moun, sou dwa ak devwa moun ; sou lalwa ; sou lapè ak sou dyalòg pou chanje figi konfli yo ;
- Akonpaye viktim abi, enjistis ak vyolasyon dwa moun yo devan sèvis Leta yo ; epitou, ede moun yo jere konfli ant yo menm ;
- Gade byen gade pou denonse vyolans ak vyolasyon dwa moun ; lonje dwèt sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan ak nan tout peyi a ;
- Travay pou refòm sistèm Lajistis nan peyi a ;
- Ranfòse enstitisyon an, sitou komisyon lokal yo nan chak pawas.

**Eske nan pawas pa nou genyen fidèl k ap lite
pou Lapè ak Jistis blayi nan peyi dAyiti ?**

Eske genyen yon komisyon pawasyal Jistis ak Lapè ?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte sekretarya a nan dyosèz ou.

*Komisyon an konte sou lapriyè n ak konkou n. Tanpri, fè fidèl yo konn sa.
Nou konte sou konkou ak kontribisyon lajan nou pou fè travay la mache.
Konkou lajan n ap bay la ap sèvi pou bay komisyon lokal yo plis jarèt.*

**Dezyèm dimanch tan Karèm
Jounen nasyonal Jistis ak Lapè
13 mas 2022**

Ki rèv Bondye pou fanmi yo ak sosyete a ?

Ki pwojè sosyete a genyen pou fanmi yo?

**Jenèz 15, 5-18. Abraham kwè nan Bondye ki konsidere l poutèt sa.
Lèt Filipyen 3, 17 rive 4, 1. Se li k a fè l [kò nou an] sanble ak bèl kò pa l la.
Lik 9, (23-) 28-36. « Sa a, se Pitit mwen chwazi a. Se pou nou koute l. »**

Ann medite sou Pawòl la

Transfigirasyon an (oswa Jezi ki chanje figi devan disip li yo) epi vwa Papa a ki pale aklè pou di Jezi se pwòp Pitit pa l, fè n wè kilès Jezi ye. Jezi revele tèt li devan disip yo pou grandi lafwa yo anvan yo monte Jerizalèm ansanm ak li, kote peche mechan yo ap kloure l anwo kwa a.

Jezi ki chanje figi devan disip yo toujou, fè n wè ki kote Jezi vle mennen nou. Depi Bondye kreye n, nou pòtrè l. Plis toujou, grasa Jezikri nou se pitit adoptif li. Nan yon fanmi mesye ak madam k ap viv nan fidelite ak renmen tounen reprezantan menm renmen Granmèt la genyen pou Legliz li a. Jan apot Pòl di l nan dezyèm moso Labib la : « *Se li ki pral chanje kò mizerab nou an, pou li fè l vini tankou kò pa li nan tout glwa li a.* » Si se sa ki destine nou, sa mande yon kalite lavi ki konfòm ak sa n kwè ladan an.

Diyite sa a nou pote nan nou depi n fèt, epi ki ranfòse grasa batèm nou, dwe fondman relasyon n ak Bondye, ak frè n ak sè n yo, ni ak tout sosyete a. Diyite sa a se fondman lavi fanmi yo, kote moun aprann viv sa ki bay lavi a tout sans ak grandè li. Se la sous yon lòt sosyete chita.


Anpil moun pokò rive kwè nan diyite moun tankou nannan sa yon moun ye. Y ap plede di yon moun kab pèdi diyite l ... kòm si yon moun kapab sispann pou l moun reskonsab. Okontrè, diyite moun, nou pa kapab negosye l ; nou pa kapab achte l, nou pa kapab vann li. Nou pa kab pèdi l, menm si n avili tèt nou, menm si n aji yon fason ki dezakò ak li. Nou dwe aprann distenge ant sa yon moun ye ak sa yon moun fè. Nan yon fanmi, moun viv toupre youn ak lòt, se nan li lavi transmèt, se la toujou kote jèn ak timoun yo jwenn edikasyon ak fòmasyon pou fè wout ak lòt nan sosyete a ; paske Bondye kreye n pòtrè ak li : gason ak fi.

Listwa Abraram ak fanmi li tou fè n wè gwo konsiderasyon moun ak fanmi yo genyen nan je Bondye. Bondye fè kontra ak nou, jan l te fè ak Abraham. Se yon siy renmen ak konsiderasyon lè Bondye rele Abraham ak fanmi li pou yo tounen zansèt tout yon pèp. Nou se kolaboratè Bondye pou delivrans la reyalize pou tout moun sou fas tè a.

An n pran konsyans diyite n genyen ; an n pran konsyans diyite fanmi nou yo ; an n pran konsyans diyite frè n ak sè n yo. Se kondisyon pou bati yon sosyete ki yon goute davans peyi Wa a. Kote youn pa rekonèt lòt la pou sa l ye, l ap toujou difisil pou travay pou lavi, pou sa k bon pou tout moun. Konsyans diyite n genyen, ak diyite chak lòt moun pote nan li, garanti leve n ap leve ak Jezi jou fèt Pak la.

Senbòl pou dimanch sa a

Yon **pòt ki louvri**. Diyite n dwe yon limyè ak yon sous nan relasyon n ak lòt moun. Jezi ki chanje figi devan apot yo ede yo wè yon lòt reyalite nan lavi a. Konsa tou, li pèmèt nou konprann Bondye ak moun parèy nou yo yon lòt jan.



Vokasyon fanmi yo / Fason Jezi gade fanmi yo

Yon fanmi se yon gwo reyalite ki pran diferan fòm selon peyi ak kilti yo. Konsa, nan peyi nou, men ki sa n konsidere tankou fanmi: gen diferan lyen san; gen vwazinay; gen tout kalte alyans ki kreye: tankou nan maryaj; sakreman yo tou kreye fanmi tankou parenn ak marenn nan batèm ak maryaj, monfrè ak masè nan kominyon. Sa k ini fanmi an se yon menm amou ak enterè, se menm valè yo ki mare plizyè moun ansanm.

Fanmi ki pi pre a, papa, manman ak timoun pa yo, toujou pran yon sans espesyal. Se limenm tou Legliz la bay plis konsiderasyon. Yon gason ak fi ki kreye fanmi sa a nan lafwa nan Jezikri, se li k fè sakreman maryaj la. Men, nan atansyon pastoral li, Legliz dwe sansib pou tout kote moun pran swen youn pou lòt. Reyalite lavi moun ak kondisyon anpil moun ap viv la mande sa. Konsa, gen fanmi elaji, epitou, gen timoun ki grandi nan men moun ki akeyi yo, pafwa sa kapab yon òfelina ak yon fanmi adòtif.

Tout moun gen fanmi, menmsi lyen yo kapab febli oswa dejenere. Kriz ekonomik ak sosyal yo konn fè antrèd la febli pami manm yon menm fanmi. Pafwa menm pami paran ak pitit, pami frè ak sè. Ensekirite a fè moun yo fèmen tèt yo sou yo menm. Ak popilasyon ki ogmante epi moun ki deplase, fanmi laj sa a tou vin eklate.

Nan anpil fanmi, manm yo blije viv separe youn ak lòt, yo chak ap viv yon kote: paran viv separe ak pitit yo; papa oswa manman al chèche travay yo chak yon kote. Sitiyasyon sa a pa fè fanmi an byen.

Sosyete a, tankou lwa yo nan peyi a, dwe montre fanmi yo enpòtan, nan jan li òganize lavi ekonomik ak sosyal.

Ki rèv chak fanmi genyen? Chak fanmi gen espwa jwenn mwayen minimal pou viv; yo espere pou jwenn plis espas sosyal pou yo kapab devlope epi vin pi djanm. Pou chaj la k ap peze sou fanmi yo diminye, nou bezwen yon Leta aktif; diferan aktè yo dwe pran inisyativ, tankou lekòl yo. Lè kou lavi a monte, sa fanmi yo jwenn tou ta dwe vin pi plis. Yo dwe peye travayè yo pi byen, paske tout bagay vin pi chè nan peyi a. Moun yo fè anpil jefò pou viv.

Nou konsidere tout sosyete a tankou yon gran fanmi, pandan chak paran (chak papa ak manman) ap jwe wòl li, paske li se yon edikatè. Si yon paran fayi nan misyon l, si l pa kab reponn kòm sa dwa, sosyete a oubyen Leta a dwe ede l pou l kab reponn ak obligasyon l yo.

Jèn yo souvan chèche refij nan gwoup ak rezo sosyal yo, ki finalman pa regle anpil bagay, okontrè, yo konn konplike relasyon yo plis. Rezo sosyal yo pa bay kontak fizik ant moun yo ki kominike. Konsa, zouti sa yo kreye distans, menm si yo bay lide moun yo gen bon jan kontak antre yo.

Ki jan Jezi wè fanmi yo? Pou nou menm, moun lafwa, ki jan fanmi yo ta dwe ye pou yo klere pou sosyete a? Lè Jezi pale sou fanmi yo, li bay yo yon gwo plas, an menm tan li fè konnen se Peyi kote Bondye Wa a ki pi gran an. An menm tan Jezi preche fidelite nan lyen maryaj la, an menm tan li fè konnen fanmi yo dwe bay pitit yo libète yo pou yo reponn pwòp vokasyon ak chimen yo.

- ✓ *Lè Jezi rete dèyè nan kay sakre a (lè l te gen 12 lane) li di : Eske ou pa konnen se kay Papa m pou m te ye?*
- ✓ *Jezi deklare : Fanmi mwen, se tout moun ki fè volonte Papa m.*
- ✓ *Li di : Pa rele pyès moun sou tè a papa ou. Se yon sèl Papa ou genyen. Nou tout se frè ak sè.⁵*
- ✓ *Mwen vin mete divizyon ant manman ak ti fi li, ant papa ak ti gason l.*
- ✓ *Sa k renmen papa l ou manman l plis pase m pa kapab disip mwen.*

⁵ Yon kòmantè: Yon papa nan fanmi, li papa onon Papa Bondye ... li dwe fè jefò pou sanble ak li.

- ✓ *Moun ki kite papa, manman, frè ak sè, l ap jwenn 100 fwa plis ak lavi ki p a p janm fini an.*
- ✓ *Ki lòt pawòl nou konnen ?*

Pou fè echanj

Ki jan n ta vle pou fanmi yo ye nan peyi a ? Ki rèv nou ?

Chwazi yon senbòl ki montre rèv nou pou fanmi yo ...

Ki sa Legliz la anseye sou Lafanmi Gade nan AL (Amoris Laetitia)

Sekrè fanmi kreyen an, nou pa kapab konprann li nèt, si se pa nan limyè renmen Papa a montre n nan Kris la ki bay tèt li nèt, epi k ap viv nan mitan n ... Maryaj la se yon kado Granmèt la fè n ... Kado sa a genyen relasyon sèks ladan l tou, ki yon kado. ... Kris la rachte lafanmi ak maryaj la, li refè yo selon pòtre Bondye a menm ki Trinite (Papa a ak Pitit la ak Lespri Sen an) : se li k sekrè kote tout vrè renmen soti a.

Pawòl la ki tounen moun nan anndan yon fanmi moun, nan vil Nazarèt la, se yon bagay tounèf ki touche tout listwa moun sou tè a.

Nan ansiklik li, *Caritas in Veritate* (Renmen nan Laverite), li [Benwa XVI] mete aklè enpòtans renmen an genyen pou lavi moun nan sosyete a, kote yo kapab aprann fè eksperyans sa ki bon pou tout moun nan. (AL, n. 59-70, nou te chwazi plizyè ti moso).

Se nan yon fanmi, nou kapab rele « Legliz nan kò kay la », premye eksperyans sa Legliz la ye ap grandi : yon kominyon nan mitan moun ; se la nou dekouvri tou, tankou yon gras, sekrè Bondye ki Trinite (Papa a, Pitit la ak Lespri Sen an). Legliz la se yon fanmi plizyè fanmi yo fòme ansanm ; se kominote legliz ki nan kò kay yo ki anrichi Legliz la. (AL, n. 86-87).

Yon ti gade nan Ansèyman sosyal Legliz la

**Solidarite ak
Desizyon toupre moun yo :
De (2) prensip ki mache ansanm**

Nou pran nan Caritas in Veritate (CV)

Moun nan se yon kreyati ki fèt selon lespri. Li reyalize tèt li nan relasyon l genyen ak lòt yo. Moun nan pa bay tèt li vale lè li mete tèt li apa, men lè l kreye relasyon ak lòt yo ni ak Bondye tou. Tout koze sou devlopman an tonbe daplon ak yon ansanm relasyon ki mare tout moun ak tout pèp yo ansanm nan yon sèl kominote ki se fanmi imèn nan, nan yon solidarite ki bati sou gwo valè sa yo ki se jistis ak lapè.

Tout desizyon ak aksyon toupre moun yo (sibsidyarite a)⁶, se yon lòt prensip ki bay moun nan ak tout libète l valè atravè divès gwoup ki gen otonomi. Se [divès gwoup otonòm sa] yo ki pèmèt patisipasyon ak responsablite.

Nou dwe mare solidarite a ansanm ak li. Solidarite se yon prensip pou òganize sosyete a. Tout aksyon ak desizyon toupre moun yo, san pa gen solidarite, mennen yon sityasyon kote chak moun ak gwoup ap aji pou kont kò l. Solidarite san pa gen patisipasyon ak responsablite lokal mennen nan patènalis. (CV, n. 53 – 58, nou te pran kèk moso).

⁶ Subsidiarité. Nou tradui prensip sa a konsa: “tout desizyon [ak aksyon] dwe toupre moun yo”. Sa moun nan chak nivo nan sosyete a kapab fè yo menm, se yo k pou fè l.

Pou fini. An n koute yon istwa ...

Istwa yon gwoup fanm nan vil Medeyin (peyi Meksik)

Premye fwa medam yo te vizite lakomin, yo te pran gwo desepsyon nan men katèl majistra yo. Paske popilasyon an nan katye popilè yo pa konte toutbon nan moman eleksyon. Men, ki kote medam sa yo ki abite nan katye popilè yo (sa yo rele *favela* yo) nan vil Medeyin ta kapab jwenn moun ki mete ansanm ak yo ? Yo t ap panse sou yon estrateji, epi yo mete yo annaksyon.

Kèk dizèn jèn manman ak yon ti bebe sou bra yo t al nan sant vil la, epi yo rive sou gran plas la. Nan mitan plas la te genyen yon fontèn ki t ap ponpe dlo tout lajounen. Yon premye gwoup dis manman t al nan fontèn epi yo lave pitit yo nan twou dlo yo ki nan zòn bò kote fontèn nan. Moun yo k ap pase, gade san yo pa konprann.

« Ki bagay moun fou n ap fè la a ? » Men manman yo te prepare repons yo : « Sa se reyalite a nou menm n ap viv chak jou. Kote n rete, nan site nou an, nou pa konnen sa yo rele dlo ki pwòp. »

Yo pokò fini, lè lapolis parèt pou pouse medam yo ale. Pa t gen pwoblèm. Yon lòt kolòn 10 manman parèt. Yo repete menm bagay la. Plis moun vin gade sa k pase. Te genyen menm kèk dam rich nan boujwazi a. Gen kèk nan yo ki deside soutni aksyon yo epi ki dakò pou akonpaye yon delegasyon moun nan katye popilè a pou al jwenn katèl majistra yo pou pale sou pwoblèm nan.

Se konsa sa te kòmanse. Lè medam yo ki t ap viv nan katye popilè yo te pwopoze pou mari yo ki te nan chomaj t apral mete men pou ede fouye kanal yo, bagay la te regle byen rapid. Apre kèk mwa, tout site a te genyen dlo potab.

Pwojè sosyete fondatè peyi a, Jan Jak Desalin Legran, pale sou enpòtans lafanmi genyen

Men ki sa k te ekri nan Konstitisyon 1805 lan :

Atik 3 : Tout sitwayen Ayisyen se frè yo ye youn pou lòt. Devan lalwa tout moun egalego, pa gen diskisyon sou sa [...]. Atik 4 : Se yon sèl lalwa ki la pou tout moun, kit lalwa pini, kit li dwe pwoteje.

Atik 9 : Pyès moun pa merite pou l Ayisyen, si li pa yon bon papa, yon bon pitit, yon bon mari [pou madam li], e sitou si l pa yon bon sòlda.

**Twazyèm dimanch tan Karèm
20 mas 2022**

Jezi egzije konvèsyon ak vre reskonsablite

Lavi nan fanmi ak sosyete a mande pou kaba prejije yo

Egzòd 3, 1-15. Se mwen ki Bondye Abraham, Bondye Izarak ak Bondye Jakòb.

Premye lèt Korant 10, 1-12. Yo te bwè nan wòch Lespri a ki t ap mache ak yo a. Wòch la, se te Kris la.

Lik 13, 1-9. Mèt, kite l ane sa a toujou ...

Ann medite sou pawòl la

Tout chanjman fondamantal nan lavi moun, nan fanmi yo ak nan sosyete a dwe pran rasin nan konvèsyon kè ak nan konviksyon chak moun. Konsa, Jezi di n : Si kè n pa chanje pi gwo vyolans ak malè pase sa yo rakonte sou sa Pilat te fè moun sibi a, toujou kapab rive n ... Jezi kontre ak prejije ni ak esplikasyon fasil ki fè moun bliye pwòp reskonsablite yo.

Prejije, kote youn akize lòt, kote youn fè lòt viktim poutèt kèk konviksyon ak panse ki chita sou fason nou konprann larelijyon, pa kadre ak Bondye lavi Jezi fè n konnen an. Malè ki rive yon moun pa sòti nan volonte Bondye Lavi a. Lide sa yo ki di « se Bondye ki vle l konsa » derespekte ni moun, ni Bondye limenm. Nou pa dwe aksepte yo, paske se lide nou sou Bondye ki pa kòrèk, epi li pa fè lavi nan sosyete a valse.

An n gade levanjil la byen. Lè malè rive yon moun, lòt ap poze tèt yo kesyon: Kisa moun nan te fè ki mal? Y ap chèche pou viktim inosan an pote chay la. Y ap mande: Eske se Bondye k ap pini yo ? Anpil moun ap jije viktim yo konsa. Lè yo

pale sou moun pòv, y ap di : se fòt yo, se move sò, se malchans, oubyen y ap di kareman yo parse, yo pa vle travay. Konsa viktim nan tounen viktim de (2) fwa: li viktim malè a ki rive l, epitou, li viktim prejije lòt yo. Jezi refize mòd panse sa yo. Li di: Si kè n pa chanje, pi mal kapab rive n. Si kè n pa chanje, n ap pase akote Peyi kote Bondye Wa a. Se kè n, mantalite n, mòd panse n sou lòt moun ki dwe chanje, konsa n ap kapab travay pou lavi ak sa ki kòrèk.

Men ki kote prejije yo soti ? Anpil nan yo, nou pran yo depi lakay, nan fanmi, nan katye ak nan edikasyon nou. Prejije yo ranfòse tout lòt separasyon ak distans ki deja genyen pami moun nan sosyete a.

Prejije yo se sous tout kalte enjistis yo ye. An jeneral, lè moun pale sou jistis, y ap sonje « bay chak moun sa k pou li », oswa yo sonje *jistis legal* la kote yo pini moun ki pa obeye lalwa. Men « jistis la » genyen yon sans ki pi pwofon : *jistis se relasyon kòrèk ant moun ak moun*. Yon moun pa kab viv si relasyon l ak lòt yo pa kòrèk. Se konsa sa ye anndan fanmi yo, ant fanmi yo ak nan sosyete a. Se menm jan tou ant pèp yo. Si relasyon moun ak moun pa kòrèk, youn ap dominen lòt, youn ap toupizi lòt. Paske youn pa respekte diyite Bondye te bay lòt la. Se sa premye pèp Bondye a te viv nan peyi Lejip (Gade premye moso Labib la).

Prejije yo tou se yon fason pou moun refize pran pwòp reskonsablite yo, paske kòz malè ak mizè se pa yo menm ... se lòt moun, se lòt fòs ki ta dominen lavi a, oswa se Bondye ki vle l konsa. Konsa, prejije se yon chimen enjistis li ye.


Jistis se lavi, se respè pou diyite ak pou dwa moun genyen, jistis se òganize sosyete a pou tout moun kapab viv. Mòd jistis sa a, se depi lakay pou n aprann li pou n kapab pratike l nan sosyete a. *Pi gwo jistis nou dwe reyalize nan sosyete a, se Jistis sosyal la ki anbrase tout relasyon nou yo : moun ak moun, pèp ak pèp, epitou relasyon n ak sa k anvivonnen n*. Listwa oswa parabòl pye fig frans la ki kore pawòl Jezi yo montre aklè se lè n pran reskonsablite nou kapab bati Peyi Wa a. Lakreyasyon an se yon liv ki ede n konprann wòl nou ak angajman nou kòm kretyen vivan. Bondye lavi a se yon Bondye pasyans. Li pran swen n, menm jan li pran swen tout sa k egziste. Konsa tou, se nan vre reskonsablite nou devlope relasyon ak Bondye, ak tout sa k egziste ni ak frè ak sè n yo.

Mesaj pou kè n chanje enpòtan pou chak moun. Pòv yo tou, moun k ap viv nan lamizè, konn egoyis youn ak lòt. Youn konn meprize epi esplwate lòt. Konsa pawòl Jezi a enpòtan pou tout moun. Apot Pòl ba nou bèl asirans sa a : Kris la ki leve vivan an mache ak nou. Se sa k sans leve li leve a nan mitan nou.

Senbòl pou dimanch sa a

Yon kle ak yon kadna. Ak yon kle nou kapab fèmen, nou kapab louvri. Nou kapab mete moun nan prizon, oswa libere l. Enjistis kenbe moun nan prizon manke kè sansib la.

Tan karèm nan envite n pou n lage tout chèn enjistis ak prejije ki kenbe frè ak sè n yo nan prizon kè di nou an.



Pou refleksyon nan gwoup yo

Ki jan fanmi an kapab yon sous pou yon lòt sosyete?

**Nan yon fanmi, manm yo dwe aprann *renmen ak jistis nan libète,*
Yo aprann travay pou chanjman epi *pran responsablite.***

Bondye rele n kòm fanmi, pou n tounen yon pèp ki aji tankou yon fanmi, kote renmen, jistis ak libète kòmande ; kote youn aprann pran responsablite pou lavi ak kè kontan lòt la. Sa kab fèt grasa edikasyon fanmi yo bay ansanm ak kalite lavi manm yo genyen antre yo.

Fanmi yo dwe sous ak modèl pou sosyete denmen an. Kounye a, gen gwo pwoblèm:

- Anpil moun, sitou jèn ki pi gwo resous fanmi yo, kite peyi yo, yo emigre. Peyi rich yo atire pi bon resous familyal nou yo.
- Manm fanmi yo viv separe youn ak lòt. Papa al travay lòt kote pou fè fanmi an viv, kite manman ak pitit dèyè.
- Gen sa k nan bon lekòl ki pèmèt yo vanse ; gen sa k nan lekòl Leta ki toutan ap goumen ak pwoblèm.
- Epi tou, gen anpil timoun ak jèn ki pa lekòl ditou; yo trimen nan lari.

Konsa, lekòl kreye anpil diferans ak diskriminasyon, li kreye distans sosyal ansanm ak anpil fristrasyon, mekontantman ak prejije nan lespri ak nan konpòtman moun. Jan lekòl yo ye a kreye tout yon kolòn moun y ap toujou kapab sèvi ak itilize yo pou nenpòt bagay: pafwa pou esplwate yo nan faktori, pafwa pou reyalize move enterè politik, pafwa menm se pou antre nan gang epi pou pran zam kont lòt. Epi tou, kapab genyen move konplo antre yo. Men sanble se sa sistèm yo bati a bezwen.

Si n dwe tounen yon sèl pèp, kote moun yo santi yo se yon “fanmi Ayisyen” toutbon, fanmi yo dwe viv yon fason desan nan yon anviwònman ki kòrèk; epi, dwe genyen yon sèl lekòl pou peyi a, ki bay tout timoun menm chans, pou kaba fristrasyon ak tout kalite konplèks ki fè kwè gen moun ki plis pase lòt, oswa gen sa k pa gen valè.

Eske lekòl Legliz nou yo dakò pou kolabore nan yon pwojè konsa? Se jistis sosyal n ap chèche, yon sosyete kote tout moun egalego, sitou, kote k gen « ekite ». *Ekite vle di: sa k pi fèb la jwenn yon bourad pou l pa rete dèyè. Se sa k kreye vrè egalite chans.* Nou dwe òganize sosyete a anfavè sa k pi vilnerab yo, sa k pi frajil yo, sa k pa gen mwayen yo. Se pa timoun yo ki te mande pou yo te fèt. Men depi yo la, yo gen menm dwa ak tout lòt ki la yo.

Lekòl ak fanmi yo dwe fòme konsyans ak kè jèn yo, yo dwe montre ki sans lavi nan sosyete a genyen, yo dwe bay anvi ak volonte pou konstwi sa k bèl e bon.

Fòk nou kiltive yon abitud pou bay lòt la vreman enpòtans. Li nesesè pou bay li valè kòm moun, pou rekonnèt li gen dwa pou l egziste, pou panse yon fason otonòm, pou l gen kè kontan. Fòk nou pa janm souzestime sou enpòtans sa l di a genyen, oubyen sa l mande a, menm si l nesesè pou esprime pwòp pwèn devè pa nou. Sa k dwe mennen n, se konviksyon an ki di : chak moun gen yon bagay pou pote, paske chak moun gen yon lòt eksperyans nan lavi a, chak moun gen pwèn devè pa l pou gade sa k genyen ; chak moun gen sa k ba l kè sote ak kè sere, chak moun gen konpetans pa l ak yon fason diferan pou santi bagay yo. Nou kapab rekonnèt verite nan lòt moun nan, nou kapab dekouvri preyokipasyon pwofon li yo enpòtan, ak sa k dèyè pawòl li yo, menm dèyè pawòl ki agresif. Pou rive nan sa, fòk ou eseye pou mete ou nan plas li, chèche konprann sa k nan fon kè li, dekouvri sa k pasyone l, epi pran pasyon li (anvi pwofon sa a) kòm pwèn pou kòmanse dyalòg la. (AL, n. 138).

Yon ti gade nan Anseyman sosyal Legliz la

Jistis ak Kè sansib

Jistis Bondye a

Bondye nou kwè li a ak jan Jezi te fè n konnen l, se yon Bondye Lavi, Kè sansib, Verite, Renmen ak Jistis. Ki sa k jistis Bondye a ? Eske l pa an kontradiksyon ak Renmen epi Kè sansib li ? Eske l sanble ak Jistis sosyal la? An n gade kèk lide.

Pèp Bondye a fè eksperyans Yave ki Jistis, lè li montre kè sansib li epi li delivre yon pèp k ap viv nan esklavaj anba moun k ap peze l yo nan peyi Lejip. Bondye, nan jistis li, voye byen lwen tout pratik kote moun ap toupizi lòt. Jistis Bondye a se jistis anfavè viktim yo pou yo jwenn libète, lavi ak respè pou diyite yo.

Jistis Bondye a dwe touche chak moun. Chak moun reskonsab zak li yo devan pwòp konsyans li ak devan Bondye. Bondye mande n rann kont pou jan n sèvi ak kado l yo, ak talan li yo. Jezi fè n wè sa nan diferan parabòl ak pawòl li yo. Gade parabòl talan yo, parabòl dènnye jijman an (Matye 25).

Men tou, Bondye aji ak kè sansib, ak jenewozite. Se konsa tou chak moun dwe aji kòrèk ak kè sansib ak tout frè ak sè l yo. Nonm rich la jwenn kondanasyon paske l kenbe distans li te kreye ant li menm ak Laza pandan lavi l sou tè a (Lik 16, 19-31).

Kè sansib la se yon kado Bondye ofri n. Asepte kado sa a se pran yon angajman pou gen jistis, verite, kè sansib ak renmen sou tè a. Libere frè ak sè n yo anba chèn prejije yo. Jistis sosyal la, jan Legliz la mete l devan n nan Anseyman sosyal li, mete n pi pre Jistis Bondye a ; men Jistis Bondye a ki Renmen an menm, pote l pi lwen toujou.

Yon ti parabol

Yon mèt ap vwayaje ansanm ak yon disip li ki pou pran swen chamo li.
Yon aswè, disip la bouke anpil, ki fè li pa mare bèt la.
Li lapriyè: « Alah (Bondye), pran swen chamo a non, mwen lage l nan men ou. »

Nan maten chamo a te disparèt. Mèt la poze disip la kesyon.
« Se Alah ki antò, » reponn disip la, « Mwen te bouke anpil, epi mwen konfye bèt la bay Alah. Ou te toujou di n nou kapab fè Alah konfyans. »

Mèt la reponn : « Wi, nou dwe gen konfyans nan Alah. Men dabò ou te dwe mare chamo a. Paske Alah pa gen lòt men si se pa men pa ou yo. »

(Yon parabol nan Islam)



19 mas ak 25 mas 2022
Fèt Jozèf ki Sen
Fèt Manman Mari, Notredam Lenkanasyon
Lanj Gabriyèl fè l konnen l ap Manman Sovè a.

Kòm papa adòptif ak kòm manman, ansanm, y ap reskonsab edikasyon pitit la, ki pwòp Pitit Bondye konfye yo a.

Nou medite pawòl sa a Pap Franswa ekri fanmi yo nan lane pou fanmi yo Amoris Laetitia, 5 lane depi Sinòd Evèk yo sou Lafanmi:



« Se pou Sen Jozèf enspire bay tout fanmi yo yon kouray ki kreyatif, paske li nesèsè anpil anpil nan epòk n ap viv la. Epi nan lavi fanmi nou, se pou Lavyèj akonpaye nou pou pèmèt nou devlope "yon kilti rankont", paske li se yon gwo ijans pou depase tout van kontrè ak konfli yo ki parèt tankou yon lonbray sou tan n ap viv la.

Pakèt defi sa yo pa kapab vole kè kontan moun ki konnen se nan chimen Granmèt la y ap mache. »

(Lèt Pap Franswa pou mesye ak madam k ap viv nan fanmi yo, 26 desanm 2021)

Katriyèm dimanch tan karèm
27 mas 2019
Dimanch Kè Kontan

Papa a se Papa padon, rekonsilyasyon ak jistis

Aprann dyalòg, rekonsilye ak sa k kòrèk nan fanmiy

Jozye 5, 10-12. Yo manje manje ki te sòti nan tè peyi a, pen san leven ak zepi ble griye.

Dezyèm lèt Korent 5, 17-21. Tanpri souple, nan non Kris la, tounen fè zanmi ak Bondye.

Lik 15, 1-3 ak 11-32. Frè w sa a ki te mouri, li tounen viv.

Ann medite sou Pawòl la

Nou konn listwa sa a kote ti gason an derespekte papa l, jous li mande l eritaj li, depi anvan l mouri ... Li deklare fanmiy li lagè. Li swete lanmò papa l pou l kab jwi byen l yo. Epitou, genyen pi gwo gason an : li fidèl, li travay : èske li pa gen rezon pou pwoteje sa k pou li, epi pou denonse gaspiyay papa a t ap fè a lè ti frè a tounen ?

Papa a kanpe nan mitan de (2) pitit yo. Li akeyi sa k te derespekte l la, li fè gwo fèt pou li; li envite sa k pi gran an antre nan fèt la. Pou papa a se fanmi an ki pi enpòtan an.

Parabòl sa a, ki mete kè sansib ak renmen Papa a devan je n, ki rapò l genyen ak sosyete nou bezwen bati a kòm yon ti goute davans Peyi kote Bondye wa a ?

- Se nan fanmi nou aprann sa kominote ak Jistis sosyal vle di : viv san pa gen moun sou kote ;

- Nan fanmi nou aprann sòti nan egoyis nou yo, lè n aprann pataje ak yon frè, yon sè ki toupre n ; nou aprann viv nan verite pitit Bondye yo ;
- Nan fanmi nou aprann gwo valè yo ki dwe gide sosyete a : sansiblite youn pou lòt, padon ak akèy apre yon betiz ; nou aprann metrize tèt nou ak kò nou ;
- Nan fanmi nou aprann viv san n pa tolere diferans ki twòp ; yon fanmi dwe yon kote nou devlope relasyon ki jis, ki ekitab ;
- Nan yon fanmi toujou gen kè sansib ak renmen. Renmen se yon pakèt bagay ki pèmèt nou angaje tèt nou pou byen lòt la; nou aprann sakrifye tèt nou pou lòt ;
- Nan fanmi lan tou nou aprann sa Jistis la vle di, yon jistis ki pa jistis tribinal yo, men yon kalite jistis ki refè relasyon yo, kote tout manm yo jwenn, kote se fanmi an, oswa tout sosyete a ki vanse.

Men èske mòd jistis sa a nou jwenn nan fanmi yo pa tolere epi ankouraje enpinite ? Eske l ta asepte koripsyon, èske l ap chache kase fèy kouvri sa pou sove fanmi lan ? Nan yon meditasyon sou parabol la, sen Jan Pòl 2 te bay kòmantè sila a :

Nan parabol sa a pa gen mo jistis ak mizerikòd, men gen relasyon ant jistis ak renmen. Sa fè n wè yon fason klè tankou dlo kokoye renmen parèt tankou mizerikòd lè nou dwe ale pi lwen pase jistis la ki souvan twò di. Travay lakay papa l tankou yon ouvriye, se sa jistis la mande, piske ti banbòchè a te fè sa ki mal, li te aji yon fason ki te blese papa l. Se sa li menm li te kalkile, e li te panse li pa pitit ankò. Men pou papa a, vle pa vle, jènonm nan se pitit li toujou, anyen pa kapab kraze relasyon sa a ki fondamantal. (DM, n. 5).⁷

Jistis toutbon an plis pase sa anpil moun panse. Oui, pitit la blije kase tèt tounen al jwenn Papa l lakay li ak gran frè l ; li blije mezire mal li te fè a ; li admèt fo pa l ; li asepte sanksyon y ap ba li. Nan menm mouvman jistis la, granfrè a tou blije rekonèt ti frè l toujou ti frè l, menm si l fin pèdi yon seri dwa sou byen Papa a.

⁷ DM, *Dives in Misericordia. Bondye rich nan Kè sansib.*


Pou Papa a, sa ki enpòtan se pa sa pitit la genyen, sa l te fè, men sa l ye ; prezans pitit li jodi a fè l plezi. Nan menm moman sa a ti banbòchè a ki te nan akize tèt li rive nan vre repanti a. Li te vle pale avèk yon mèt oswa yon pwopriyete, men nan padon li resevwa a, li jwenn yon papa ki renmen l. Li konprann anfen renmen sa a ki te ba l lavi a toujou rete fidèl, alòske li menm li te vle kite l. Papa a nan parabòl la se pòtrè Bondye Papa a ki renmen n ak kè yon manman.

Premye moso Labib la fè n wè pèp Bondye ki soti nan peyi Lejip ki dwe aprann viv tankou yon nasyon, yon sèl fanmiy kote k pa gen twòp diferans, kote yo tout jwenn manje ak mwayen pou viv. Jistis toutbon an, oswa jistis sosyal la mande sa : pou tout moun gen kay, manje, sante ... resous peyi a dwe òganize yon fason pou pa gen twòp diferans nan mitan pèp la. Jodi a nou pale sou satisfaksyon tout dwa sosyal ak ekonomik yo. Fason ki pi asire pou sa fèt, se lè moun gen travay epi yo reyalize yo menm sa k nesèsè pou yo viv. Fanmi lan, sitou fanmi elaji a, kapab ede n vin pi sansib pou reyalite sa a.

Okenn pèp pa kapab viv tankou yon nasyon, si distans ant rich ak pòv yo twòp. Okenn lapè pa posib si pi fò moun blije viv nan kras, tandiske yon ti ponyen ap jwi san gade dèyè, si resous peyi a disparèt nan gaspiyay, oubyen si gen kèk moun ki vòlò yo nan koripsyon ak detounman richès peyi a pou avantaj kèk nan yo.

Senbòl dimanch sa a

Men yon moun. Ak men n nou beni, nou padonnen moun, nou fè siy lakwa, nou montre zanmitay lè n touche moun ak lè n bay lanmen, nou repare sa k gate, nou separe bay lòt, nou fè lesiv, nou bay moun swen, nou karese moun nou renmen anpil. Men tou: ak men n, nou kapab kraze, kale moun, fè sa k mal, vole, fè moun lapèn, tranmèt maladi bay lòt ...
Nou gade papa a ki akeyi pitit li, ki anbrase l, ki mennen l antre nan kay la. Envite fidèl yo gade men yo, gade men moun ki bò kote yo.



Aprann jistis, padon ak rekonsilyasyon nan fanmi

Padon ak rekonsilyasyon nan sosyete a

Ki sa n rele padon ? Ki sa k rekonsilyasyon ? Nou konnen pawòl la ki di : Dwèt ki pou ou ou pa koupe l jete. Moun yo konn mande eskiz men èske yo mande padon fasilman ? Padon ale pi lwen pase aprann viv youn ak lòt; li plis pase kite revanj ak vanjans sou kote. Nan kilti ayisyen, moun yo konn pase « vag » sou yon bagay, yo « kite » sa, yo renmèt bagay la nan men Bondye; men tout bagay rete jan l ye a. Tout estrès ki genyen e ki soti nan tansyon ki genyen ant moun ak moun, gwoup ak gwoup, yo rete.

Anpil moun kontinye viv ak blese lontan yo, epi yo kontinye viv jan yo kapab. Jefò k ap fèt yo rete yon bagay chak moun pou kont kò l, pa gen yon efò kolektif pou gwo vyolans ak enjistis pèp la te sibi, oubyen yon gwoup sosyal te viktim. Se vre gen moman « defoulman » tankou nan kanaval, men pa gen gerizon. Okontrè, otorite yo esplwate bezwen defoulman sa yo pou reyalize objektif ak enterè politik yo.

Yon gwo travay dwe fèt pou kab gen vrè rekonsilyasyon ak padon pami moun, klas sosyal ak nan sosyete a. Ki sa padon vle di? Ki egzijans rekonsilyasyon genyen? Fòk gen moun ak enstitisyon ki ede moun reyalize yo. Lasyans tou konn gen wòl li. Men moun yo mefye sikoloji ki dayè koute chè.

Nou sonje gwo travay Komisyon Jistis ak Lapè te fè nan fòmasyon pou *Bati Lapè*. Plis pase 800 fòmasyon pandan 3 jou nan tout peyi a, nan chak pawas. Prèske 10.000 moun te patisipe. Men travay konsilye moun, negosyasyon ak medyasyon, pokò vle di gen padon ak rekonsilyasyon sosyal nan mitan moun oubyen pami gwoup ki nan konfli youn ak lòt.

Padon se viktim yo ki bay li. Padonnen se bay depase mezi. Li mande anpil kouray. Anpil fwa li vini apre fin genyen jistis (ki pa vanjans). Padon pa vle di bliye, men viv yon lòt jan ak sa k te rive a. Nou toujou ap sonje sa lòt la te fè, men nou viv yon lòt jan ak li, ni ak zak la, ni ak otè a.

Sosyete nou an bezwen rekonsilyasyon ak lapè sosyal. Kote gen gwo enjistis toujou ap gen fristrasyon, konfli ak jalouzi. Travay pou chanjman sosyal pa dwe fèt nan lespri revanj ak jalouzi, men pou kab gen lapè sosyal. Se travay pou sa k nan enterè tout moun ki kapab pèmèt nou avanse nan chimen sa a.

*Yon degi
Pou refleksyon*

Sou renmen fanmi ou, ak renmen peyi ou

N ap li sa k anndan yon anyen pyès teyat sou renmen fanmi ak renmen peyi ou. Nou kapab reflechi sou kèk kesyon ansanm.

Nan yon pyès teyat, yon otè franse, Pyè Kònèy, ekri sou yon lagè ki te genyen nan ansyen tan yo ant de (2) vil: Albe ak Wòm. Kòm vil sa yo te kole youn ak lòt, yo deside li pa nesesè pou fè yon lagè jan sa konn fèt, ki ta kapab lakòz twòp dega. Yo deside pou fè yon batay ant twa (3) sòlda chak kan t ap chwazi. Se konsa, nan vil Albe, yo chwazi twa (3) frè ki siyen Kiryas. Nan vil Wòm, bò kote pa yo, yo chwazi twa (3) frè ki siyen Oras. Men yon ti pwoblèm ki te genyen, youn nan frè Oras yo te marye ak Sabin, ki sè youn nan frè Kiryas yo; tandiske youn nan frè Kiryas yo te fyanse ak Kamiy, youn sè frè Oras yo.

Jou batay la, youn nan Oras yo rankontre frè Kiryas, e li di mesye: « Depi m ap defann peyi m, m ap defann li ak tout kè m kont nenpòt ki moun ki anfas mwen. E devwa sa a, li pi enpòtan pase nenpòt lyen mwen ta genyen ak kikeseswa. Depi Wòm chwazi m pou m defann li, mwen pa gen pyès pwoblèm, e se ak menm kè kontan mwen te marye ak madanm mwen an, m ap batay kont frè l yo. Ti lami, mwen pa kache di ou sa, pwiske se reprezantan vil Albe ou ye, monchè se kòm si mwen pa t janm konnen ou. »

Men Kiryas, sou bò pa li, reponn mesye a e li di l: « Mesye, sa k pi rèd la, sa k ap touye m la, sèke jiska prezan mwen konnen ou toujou. »

Jou batay la, twa frè Kiryas yo t ap twoke kòn yo kont twa frè Oras yo. Sa k rive, tou letwa frè Kiryas yo toujou vivan, tandiske de (2) nan Oras yo al bwachat. Se sèl twazyèm Oras ki te rete vivan. Lè mesye ap retounen nan vil Wòm, li rankontre ak sè l, Kamiy k ap kriye poutèt menaj li, youn nan frè Kiryas yo te mouri nan batay la.

Orias di manmzèl: « Fò w sispann kriye wi, fò w bliye nèg sa a ou te renmen an. Panse pito fason ou pral fè pou netwaye tout lamayòl sa yo mwen rapòte nan batay sa a. »

Kamiy sitèlman vekse lè li wè frè l pa menm pran yon ti lapenn pou li, manmzè di frè a pou l ta santi l byen, fòk Bondye ta disparèt Wòm ak tout moun ki ladan l lan.

Lè Oras wè sa, li rale yon nepe, li touye manmzèl la, e li di: « Tout moun ki pa vle wè peyi m, se kòm kwa li pa gen fanmi, li pa gen paran, e se lènmi m amò li ye. »

Istwa sa a, se yon ansyen istwa Women li ye. Nou pran l nan liv Rosny Desroches, Sa tout sitwayen, fi kou gason, ta dwe konnen, Collection Livrets methodistes, 2014, p. 72-74. Nou adapte kreyòl la.

Kèk kesyon nou kapab poze tèt nou:

1. *Ki moun ki konpòte l pi byen? Oras, Kiryas, Kamiy? Pou kisa?*
2. *Eske renmen yon moun genyen pou fanmi li, ak renmen li gen pou peyi l, èske se pa lèt ak sitwon?*
3. *Ki kalite rapò ki genyen ant fanmi ak peyi?*
4. *Istwa a ekri anvan Jezikri fèt sou tè a. Eske Levanjil la anseye n kichòy sou kalite sitiwayon sa yo?*

Antre pi fon nan yon prensip Ansèyman sosyal Legliz la

Sa k bon pou tout moun

« Sa k bon pou tout moun », ⁸ se yon gwo prensip nan Ansèyman sosyal Legliz la, ki sòti dirèk nan menm diyite chak moun genyen. Nou fèt pou viv nan kominote, nou gen dwa ak devwa youn anvè lòt.

Sa k bon pou tout moun, se pa yon byen ou kapab touche ak men ou. Men se yon seri kondisyon sosyete a mete sou pye pou pèmèt tout manm yo, fanmi yo, gwoup yo reyalize tèt yo pi byen ak pi total. Tout moun dwe chèche reyalize kondisyon sa yo. Sa vle di, li dwe depase pwòp egoyis li oswa egoyis gwoup pa l, pou l gade sa k nan enterè tout lòt yo.

N ap li sa Pap Franswa ekri nan *Laudato Si*:

Sa k bon pou tout moun mande dabò pou yo respekte moun ak tout dwa fondamantal li genyen yo ; ou pa kapab retire yo, paske yo pèmèt yon moun devlope tèt li yon fason entegral. Sa k bon pou tout moun nan egzije tou pou moun viv byen nan sosyete a, epi pou tout kalite gwoup ki nan mitan byen devlope, selon prensip ki mande tout desizyon ak aksyon dwe pi pre moun yo, pi plis posib. Pami gwoup sa yo, fanmi an gen yon plas apa, paske li se selil ki baz sosyete a. Pou fini, sa k bon pou tout moun mande lapè sosyal, oubyen yon degre estabilite ak sekirite, yo pa kapab reyalize si pa gen jistis nan jan yo separe byen yo, paske si yo pa respekte sa, toujou ap gen vyolans. Tout sosyete a, ak yon fason espesyal Leta, gen kòm obligasyon pou defann epi pou fè pwomosyon sa k bon pou tout moun nan. (LS, n. 157).

⁸ Nou tradui « *le bien commun* » ak « sa k bon pou tout moun ». Selon Ansèyman sosyal Legliz la, sa k bon pou tout moun nan, se yon ansanm kondisyon ki pèmèt chak moun ak gwoup yo devlope tèt yo pi byen, pi fasil ak pi total. Gade GS, n. 26 : *Gaudium et Spes, Kè kontan ak Espwa*.

Yon parabol pou fini

Yon ansyen nan pèp Chiwoki a (moun ki te viv nan peyi Amerik yo anvan blan yo vini) rakonte:

« Nan yon pèp toujou gen yon batay ant de (2) lou.

Youn nan yo se yon lou mechan. Li move. Li plen kolè, egoyis, manti ak ògèy.

Lòt lou a bon. Li kontan, li gaye lapè ak zanmitay, renmen ak konpasyon. »

Ti gason k ap koute l la, t ap reflechi, epi li mande granmoun nan:

« Kilès nan de (2) lou yo k ap genyen batay la? »

Ansyen an reponn: « Se lou w ap bay manje a. »



**Senkyèm dimanch tan Karèm
3 avril 2022**

Jezi pa mande pou kondane, men pou kè n sansib

Fanmi an dwe gadyen valè moral ak sosyal yo

**Izayi 43, 16-21. Mwen pral ouvè yon wout nan savann dezole a.
Filipyen 3, 8-14. M ap kontinye vanse ... Jezikri te mete men sou mwen.
Jan 8, 1-11. Se pou moun ki san peche pami nou la a, ba li premye kout wòch
la ...**

Ann medite sou Pawòl la

Levanjil la mete devan je n yon sitiyasyon fanmi ki kraze nèt. Yo menm vle kalonnen dam nan anba kout wòch. Konsa, yo mennen yon fanm ki te komèt adiltè bay Jezi. Lalwa klè sou sa ki jistis legal la : moun sa a pa gen plas li nan kominote a. Li merite lanmò, konsa y ap pwoteje kominote a kont tout kalite movèz egzanp. Ak sa, farizyen vle atake nannan mesaj Jezi ki toujou pran defans pechè ak sa k sou kote yo.

Yon lòt kote nan Levanjil la, Jezi ap retabli egalite (legal) ant gason ak fi nan relasyon famiyal yo. Sa k vre pou youn, li vrè pou lòt. Isit la, Jezi oblije moun k ap akize dam nan gade nan pwòp kè yo, lè l di : « Sa k san peche, ebyen, li mèt voye premye wòch la. »

Chak moun gen diyite pòtre Bondye a nan li ki depase zak li poze yo. Yon moun toujou gade diyite li kòm moun, menm si l aji kontrè ak sa prensip yo mande. Respekte diyite ak lavi moun, se premye kondisyon tout lavi nan kominote. Nou pa mèt lavi yon lòt moun. Pran konsyans pwòp dwa ak devwa ou yo. Onètete, senerite se yon seri valè ki pèmèt yon fanmi ak yon sosyete vanse. Nan pawòl

ak aksyon Jezi nou wè batay l ap mennen an kont tout fòm eksklizyon ak mete moun sou kote ki genyen nan sosyete nou yo. Se sa pou fanmi montre e pratike tou.

N ap viv nan yon sosyete esklizyon. Koulè po, ran sosyal, nivo edikasyon, si w gason oubyen fi, kote w abite, pwofesyon ou fè, konpòtman konkrè yo, tout sa kapab yon motif pou mete moun sou kote epi pa rekonèt se moun toutbon yo ye. Menm travay pou gaye valè anndan sosyete a tankou batay pou respè moun, verite, konpetans, ladrès ak non vyolans, kapab - si n pa veye pwòp tèt nou - yon motif pou meprize lòt. Anpil moun fasilman konsidere yo pi bon ak plis moun pase lòt poutèt bon konpòtman moral kòrèk yo. Twòp prejije nan mitan popilasyon an mennen peyi a sou yon tè egzil, kote n dwe soti si n vle konstwi yon nouvo peyi tèt ansanm ak jistis (Gade premye moso Labib la). Menm si yon moun antre nan sa k pa sa, ki fè li merite sanksyon, toujou genyen diyite l kòm moun ki egzije nou respekte dwa li yo.

Se pa sèl moun pou kont kò yo ki kapab mete moun sou kote. Fason moun te rive òganize chapant sosyete a, ekonomi an, politik la, sistèm legal la ... ede pòv yo konprann yo pa konte, yo pa ladan l, yo gen mwens diyite pase lòt. Pap Franswa pale sou yon sosyete esklizyon ki mete pòv yo, etranje yo, migran yo, ak anpil lòt sou kote, pi mal, ki fè yo tounen dechè, yon fatra moun sosyete a pase sou li. Nou panse sou etranje, migran, moun malad, moun nan prizon, moun ki diferan, sa k gen mwens mwayen. Ki jan nou kapab konstwi yon sivilizasyon renmen kote chak moun konsidere lòt tankou yon moun parèy li, yon frè, yon sè ... epi fason n òganize sosyete a ak enstitisyon l yo tou montre sa ?

Lafwa nou nan Jezikri vin ranfòse lòt konviksyon sa yo : tout moun konte, tout moun se moun, pa dwe gen moun sou kote. Se sa lafwa n ak Jistis sosyal la mande. Jezi montre n egzans ; men tou Jezi ki leve a, se li k rasanble n nan yon sèl kò. Se nan respè pou diyite frè n ak sè n yo nou montre nou konnen Kris ki leve a (gade dezyèm moso Labib la).

Senbòl pou dimanch sa a

Yon bouke flè ak diferan kalite plant, fèy ak flè natirèl, diferan fòm ak koulè montre n se lè n mete diferan richès ak konpetans yo ansanm, bèlte ak konpetans nou chak nou genyen parèt pi klè. Nou kapab jwenn lòt senbòl enklizyon, ki montre tout moun ladan l.



Pou refleksyon nan gwoup yo

Valè ki enpòtan pou moun ak pou sosyete a

Tout fanmi yo pa transmèt menm valè yo; gen fanmi menm ki montre timoun ak jèn yo pou yo antre nan konpetisyon ak lòt san gade dèyè, nan egoyis, nan demele san konsiderasyon, nan vyolans depi sa rapòte kichòy.

Valè yo ki fè yon kominote vanse, se valè yo ki ankouraje kominote a: travay ansanm an gwoup; konbat egoyis; fè tèt ou konfyans, fè lòt moun konfyans pi plis posibilite, pridans san n pa imilye lòt, youn sansib pou lòt, fidelite ak angajman ou pran devan lòt, verite ak renmen, el.

Genyen yon tandans nan sosyete a ki vle detwi yon seri valè, tankou: konfyans youn nan lòt ki vin diminye; anpil moun doute de tèt yo, epi yo gen dout sou lòt moun tou; moun yo vin pè lòt la pi plis. Politik la, nan jan anpil moun konprann li, detwi anpil bagay, paske modèl nou wè nan politik, se sèl avantaj moun ap chèche ... sa se imaj la ki parèt. Tout sa enfliyanse jèn yo lè yo antre nan gran sosyete a, yo konsidere tankou yon chan batay. Men, èske se sa sosyete a dwe ye? Eskè chak moun dwe yon bèt fewòs pou lòt moun parèy li yo?

Pou rezon sa yo, li enpòtan pou n chèche byen konprann ki valè nou menm, nou vle ankouraje lakay nou ak nan fanmi nou. Nan edikasyon, toujou esplike timoun yo pou kisa se konsa sa fèt. Epitou,

nou dwe pratike nan fanmi sa n montre timoun ak jèn yo, tankou manje ansanm nan fanmi, kote n pataje menm ti sa k genyen.

Menm jan ak fanmi yo, gwoupman jèn yo enpòtan pou edikasyon timoun ak jèn, kote yo aprann viv ak lòt, pratike jenewozite, konsidere bezwen lòt moun, el. Ki gwoupman jèn ki genyen nan pawas nou? Eske nou manm ladan l? Nou sonje TKL ak Kominote Misyon Legliz yo; koral yo, Kiwo, MEJ, Eskout, Timoun misyonè, gwoup Karitas, Lejyon Mari, mouvman apòstola yo, ... ; gwoup priyè yo tou kapab enpòtan. Komisyon Jilap yo va ede yo louvri je yo sou pwoblèm sosyal ak jistis la.

Edike pou valè yo⁹

Pou antre pi fon toujou

N ap gade kèk kote yo transmèt valè yo ak ki difikilte yo genyen.

LAFANMI¹⁰

- Se lafanmi ki pi pre chak moun. Li gen gwo enflyans sou valè ak konviksyon nou yo.
- Fanmi se yon reyalite ki byen laj. Se tout kominote kote youn pran swen lòt. Fanmi kòm papa, manman ak pitit enpòtan anpil. Men se pa tout kote fanmi yo konsa; epitou fanmi yo rankontre ak anpil difikilte, ki fè, se divès fason yo kapab reponn gwo responsablite yo nan travay edikasyon.
- Si n gade byen, 30% nan fanmi yo nan kapital la se fanmi “monoparantal” yo ye, sa vle di: se manman sèl (oswa papa) k ap konbat ak pitit yo, san pa gen papa (ou manman) ki kore l. Konsa, timoun yo temwen yon paran pa pran responsablite. Sa make yo, paske toulede, papa ak manman enpòtan pou edikasyon santimantal, mantal ak moral timoun ak jèn yo.

⁹ Nou reprann refleksyon sa a ki te parèt nan dokiman pou karèm nan lane 2017 la.

¹⁰ Sou kesyon fòmasyon. Gen yon fòmasyon pou paran UNICEF devlope epi li mete disponib pou paran yo kapab fòme tèt yo. Pastoral familial la rekòmande l pou dives enstitisyon nan Legliz, tankou lekòl yo ak mouvman tankou Lasent fanmi kapab itilize. Men kèk pwèn yo devlope ladan l: Konprann timoun nan / konprann tèt ou kòm paran / Renmen: kesyon ki gade emosyon, afeksyon, atansyon / Pwoteje: òganize fanmi a, kesyon règ yo ak limit yo, kesyon disiplin nan / Ede moun pou grandi: respè pou tèt ou, pran angajman, kesyon separasyon ak responsablite.

- Fanmi yo anba gwo presyon. Paran yo ap chèche lavi / yo manke tan (pran tan) pou pitit yo. Anpil paran pa gen konpetans pou fè fòmasyon, dayè timoun yo tou anba tout kalite presyon.

Aprè de (2) lane Sinòd sou Lafanmi, Pap Franswa te pibliye Amoris Laetitia, Lajwa Renmen an, kote l esplike ki jan Legliz la dwe kenbe ideyal fanmi an byen fò, men tou, li dwe montre anpil kè sansib pou tout fanmi yo, nenpòt nan ki kondisyon yo ye. Pastè yo dwe akonpaye fanmi yo. Legliz lokal la dwe kalkile byen kalkile ki jan sa kab fèt pi byen.¹¹

Si n gen tan, nou kapab fè pataj sou ki enfliyans fanmi nou yo te genyen sou chak nan nou ...

LEGLIZ

- Moun yo fè Legliz yo ak relijyon an an jeneral anpil konfyans, poutèt yo pale Pawòl Bondye a. Moun yo fè Bondye konfyans; konfyans sila a detenn sou Legliz yo ak relijyon yo ki reprezante l.
- Anpil kominote legliz wè tèt yo nan lapriyè sèlman, yo pa sou angajman sosyal vre. Se kòm si tout bagay ap sòti dirèk nan men Bondye. Konsa, se **reziyasyon** moman difisil yo mete devan moun yo.
- Lè n gade, anpil fwa relijyon ranfòse yon atitud **rezilyans**, ki vle di: rezistans kont pwoblèm yo. Pwoblèm yo pa fini ak moun yo ki reziste, epi k ap tann chanjman. Egzanp: nan peyi d Ayiti, ak tout pwoblèm ki genyen, moun yo pa touye tèt yo.
- Nan legliz katolik se kèk sektè sèlman ki nan angajman sosyal: gen sa k gen yon apwòch charitab, gen sa ki kreye sèvis ki byen fèt (lekòl, lopital) pou moun ki gen mwayen ak pou lòt, selon posiblite yo; gen sa k reponn ijans ak devlopman. Men yon ti ponyen sèlman ap travay pou yo chanje chapant sosyete a, ak pou yo respekte dwa moun genyen.

¹¹ Dokiman ki bay rezilta Sinòd la rele *Amoris Laetitia, Lajwa Renmen an*. Gade sitou chapit 8: « Accompagner, discerner et intégrer la fragilité », n. 291 rive 312.

Nan legliz genyen divès kalite gwoup, tankou MEJ, Kiwo. Kèk ane pase te gen mouvman aksyon katolik tankou JOC, JEC, ACO¹² ... Gen mouvman Lasent fanmi ak Lejyon Mari. Ki enfluyans yo chak genyen sou nou ak sou manm yo ?

LEKOL

- Tout lekòl pa menm, sektè edikasyon an laj anpil. Leta mele, Legliz yo mele, anpil aktè prive mele. Men nan lekòl ki lekòl, se rezilta akademik sitou ki konte pou paran yo. Pou lekòl yo menm, byen reyisi se lè yo reponn pwogram nan, paske se Leta ki fè dènye egzamen ki bay rezilta lekòl yo.
- Kèk lekòl pretann yo transmèt yon seri valè sivik ak relijye. Men toujou, pou yo reyisi nan je moun yo, se pwogram Leta bay la ki dènye kritè a. Men kèk egzanp, kote yo chèche altènativ:
 - Plan katolik pou edikasyon mete aksan sou valè sitwayen ak valè katolik nan edikasyon.
 - Fwa e Jwa: Kominote Jezwit la mete aksan sou patisipasyon ak metòd aktif, kreyativite nan aprann nan.
 - Pwojè edikatif Bon Nouvèl, atravè pwomosyon lang kreyòl la nan lekòl la vle devlope pi bon konprann ak fyète elèv yo kòm Ayisyen.
 - Lekòl Montesori fè pwomosyon yon lekòl pou lavi, devlopman total timoun yo (emosyon, fizik, entelijans, vi espiritiyèl).

(Dokiman travay pou Asanble JILAP 2016)

Ki lòt kote toujou yo fè edikasyon valè moral yo ?

Ki kote anpil jèn jwenn enfòmasyon sou lavi a ?

Ki kote yo jwenn bon jan fòmasyon pou lavi a ?

¹² MEJ: Mouvman Ekaristik pou Jèn; JOC: Jenès Ouvriye Kreyen; JEC: Jenès Etidyan Kreyen; ACO: Action Catholique Ouviaère / Aksyon Katolik pou Ouvriye.

Ti degi sou edikasyon

Nou kapab konplete tablo sila a, etan n fè echanj sou sa edikasyon vle di.

<i>Ki sa edikasyon pa ye</i>	<i>Ki sa edikasyon vle di</i>
<i>Fòse pran kèk lide ak konviksyon</i>	
<i>Fòse pran règ pou swiv</i>	
<i>Fòse pran ki chimen moun dwe swiv</i>	
<i>Soumèt moun epi drese yo</i>	
<i>Blije moun repete</i>	
<i>Fòse moun asepte otorite</i>	
<i>Fè tout moun aji menm jan</i>	
<i>Fòse pran kèk verite</i>	
<i>Fè menas ak pinisyon</i>	
<i>Fè moun respekte w ak fòs</i>	
<i>Fè laperèz paralize moun</i>	
<i>Egzije yo repete ak memorize sa w di</i>	
<i>Fòse moun swiv jan ou kwè nan Bondye</i>	

Antre pi fon nan de (2) prensip Ansèyman sosyal Legliz la

**Pa dwe gen moun sou kote
Chwa pou moun pòv yo**

Chwa ak preferans pou moun pòv yo. Men ki jan Pap Jan Pòl II esplike l nan *Sollicitudo Rei Socialis* (SRS)¹³ :

Chwa, oswa renmen preferans pou pòv yo. Sa se yon chwa, oubyen yon fason espesyal nan priyorite pou bay nan pratik charite nou kòm kretyen, jan nou jwenn li nan tout tradisyon Legliz la. Li konsènen tout kretyen ki swiv (imite) sa Kris la te fè a, men li aplike tou sou responsablite sosyal nou yo, sa vle di fason n ap viv la, ak tout desizyon nou dwe pran yon fason konsekan nan zafè byen nou genyen yo ak fason nou sèvi ak yo. (SRS, n. 42).

Metè moun sou kote, pouse yo andeyò sosyete a, anpeche yo patisipe, se tankou touye moun sa a. Pa dwe gen moun sou kote pou lavi blayi. Men sa Pap Franswa te ekri nan *Kè Kontan Levanjil la*¹⁴ :

Touye yon moun, se pa sèlman lè w rale yon kouto sou li. Kòmandman Bondye a di : pa touye. Pawòl la klè. Konsa nou dwe di tou : nou pa dakò ak yon ekonomi ki mete moun deyò, oubyen ki mete gwo distans sosyal ant moun. Paske yon ekononi konsa ap touye moun. Pa egzanp : lè yon moun mouri ak grangou, sa se pa yon nouvèl. Men, lè biznis yo wè yo fè mwens benefis, se sa k fè aktyalite (se sa k fè nouvèl). Se sa n rele eksklizyon (mete moun sou kote). Nou pa kab dakò lè gen kote yo jete manje, tandiske gen moun ki grangou. Se sa k fè n wè gwo distans ki genyen ant rich ak pòv. Kounye a tout bagay tounen yon jwèt konpetisyon kote se fòs la ki konte ; sa k gen fòs ap manje sa k pi fèb la. Yon pakèt moun rete sou kote : yo pa gen

¹³ SRS : *Sollicitudo Rei Socialis, Atansyon pou zafè sosyete a.*

¹⁴ EG : *Evangelii Gaudium, Kè kontan Levanjil la.*

travay, yo pa gen lavni, yo pa wè ki kote y ap jwenn yon solisyon. Moun yo menm tounen yon bagay yo kapab sèvi ak yo ; yo voye yo jete lè yo pa bezwen yo ankò. Yon bagay nouvo parèt ki pi mal pase eksplwate (peze souse) ak toupizi. Lè yo mete moun sou kote, yo menm pa manm kominote a oswa sosyete a ankò. Yo pa sou kote, men yo deyò. Yo pa eksplwate yo ankò, men yo jete yo tankou yon fatra. (EG, n. 53).

Depi konferans CELAM (Evèk Amerik Latin yo) nan vil Medeyin nan lane 1968, Legliz la repete ki jan chwa pou pòv yo antre nan nannan Bon Nouvèl Levanjil la. **Evèk yo nan peyi dAyiti**, nan yon gwo dokiman ki rele *Legliz nan Sosyete a, L'Église dans la Cité*, nan lane 1973, reprann menm konviksyon sa a. Men sa yo di: « *Lamizè yon si gran kantite frè (ak sè) nou reklame pou yo jwenn jistis, pou nou pran pa nou nan mizè yo, pou nou sèvi yo modèl, pou nou defann yo, pou n fè jefò, plis pase sa n kapab, pou n rive fè toutbon vre, misyon delivrans la Kris la konfyè nou an, rive pou yo* » (n. 31).

Ak reyalyite sa a devan je yo, Evèk yo pale sou angajman Legliz la pou gen jistis, devlopman ak pou defans dwa moun. Yo fè layik yo sonje wòl yo genyen pou konstwi yon sosyete kote k gen jistis. Yo fè moun ki gen lajan yo sonje wòl yo, menm jan ak patwon yo k ap anplwaye moun, travayè yo, peyizan yo, menm jan ak moun ki nan gwo pwofesyon yo, sa k nan kòmès ak nan sèvis Leta yo. « *Pinga nou pa janm bay move egzanp nan kesyon lajistis sosyal la* » (n. 195).

Yon parabòl pou fini

Franswa ak Lou a nan vil Goubiyo. Nan istwa sa a, lou a – ki yon bèt fewòs – kanpe pou tout sa ki kapab menase lapè nan sosyete a. Mete moun sou kote, pa rekonèt diyite ak bezwen fondamantal yo menase lapè.



Nan lavi Franswa Dasiz ki sen, yo rakonte istwa sila a : Nan vil Goubiyo, moun yo t ap viv ak gwo kè sote. Moun yo te pè pou sòti deyò nan lari. Te genyen yon lou nan zòn nan. Yon bèt fewòs ak sanginè ki t ap chèche viktim pou manje yo.

Franswa tandè pale sou koze a, epi l di konsa : mwen vle al pale ak lou sa a, m ap di l konsa : « Frè lou, ki sa ou fè moun yo konsa ? Se nòm al yo rayi ou epi yo vle touye ou. Kanpe sa w ap fè a, konsa ou menm tou, ou pa p bezwen pè pou yo ankò. »

Lou a tandè pawòl la, pou l pa bezwen pè ankò, pou moun pa kouri dèyè l pou touye l ak fizi yo. Lou a fè pwomès la.

Lè sa, Franswa retounen nan vil la, li pale ak popilasyon an. « Frè m ak sè m mwen renmen, lou a te fè yon gwo pwomès pou l pa fè mal ankò, si nou pwomèt n ap pote ba li yon ti manje chak jou. »

Se sa k te fèt. Pa t gen moun ki te gen krentif pou lou a ankò. Lou a menm pa t pè pou moun ankò. Grasa Franswa, ak grasa abitan yo nan vil Goubiyo, ki te dakò pou pataje manje yo ak lou a.

Sizyèm dimanch tan Karèm
Dimanch Ramo
10 avril 2022

Chimen delivrans lan se yon chimen lakwa

Akonpaye fanmi yo pou geri sosyete a

Lik 19, 28-40. Si yo menm yo pe bouch yo, wòch yo ap pran rele.
Izayi 50, 4-7. M a konn kouman pou m konsole moun ki blayi plat atè yo.
Lèt Filipyen 2, 6-11. Li vin obeyisan jous nan lanmò ... se poutèt sa Bondye leve l anlè.
Lik 22, 14 rive 23, 56. Ofisye a di : Nèg sa a te yon moun kòrèk vre.

Ann medite sou Pawòl la

Dimanch Ramo a mete n anfas **pi gwo aksyon renmen, kè sansib ak jistis Jezi reyalize pou moun sou tè a, lè l bay lavi l pou sove n.** Nou se yon limanite ki dwe grandi, ki pechè, epoutan, Jezi bay vi l pou li. Anpil fanmi blese, menm jan ak anpil moun sosyete a mete sou kote. Anpil fwa yo mache ansanm. Yo viktim anba enjistis sosyete a, menm jan ak Jezi yo gen yon gwo kwa lou pou pote.

Sosyete nou an san kè sansib pou pòv, malere ak malerèz, pa gen jistis sosyal anfavè sa k sou kote, pou sa k fèb ak san defans. Jezi bay vi l pou delivre sosyete sila a ki fèmen nan pwòp egoyis li. Sosyete nou an bat bravo pou sa k reyisi, sa vle di: pou sa k gen gwo mwayen, nenpòt ki jan li jwenn yo. Sosyete a ap kritike sa k nan pwoblèm, l ap kondane yo.

Jodi a, n ap medite sou soufrans ak lanmò Jezikri. Legliz la prezante n Sèvitè Granmèt la tankou modèl tout moun ki batay pou lavi a vanse. Sèvitè a ap batay pou gen jistis sosyal (pou chak moun kapab jwi kondisyon ki reponn ak diyite l).

Sèvitè a plen renmen ak kè sansib ; batay l ap mennen an se batay pou Jistis Bondye a.

Izayi te anonse vini travayè lapè ak lavi sila a, ki se Sèvitè Granmèt la. Li chwazi yon chimen kè sansib, san vyolans, ak zouti lapè, pou reyalize lavi ak jistis toutbon an. Izayi ap pale nan yon moman pèp la ap viv gwo imilyasyon ak tribilasyon pandan l nan egzil lwen peyi l.

Zanmi Sèvitè Granmèt la, se moun senp yo nan pèp la ki asepte Bondye kòm sèl mèt nan vi yo. Zanmi Sèvitè Bondye a se ti rès pèp fidèl la ki, malgre tout tribilasyon l ap viv, kontinye kwè tout moun se frè ak sè. Zanmi Sèvitè Granmèt la, se tout moun sa yo labib la rele « moun kòrèk » yo. Se tout rès pèp la ki pran soufrans ti pèp la sou do yo. Yo sansib pou li lè anpil moun vle dekouraje ak lage ; yo kenbe espwa nan pwojè Bondye a. Se yo menm toujou ki kenbe bon tradisyon moun k ap sèvi prezans Bondye nan listwa, tankou Abraram, moun kòrèk la, ki papa tout moun ki gen lafwa.

Sèvitè Granmèt la toujou, se Jezi limenm, ki reyalize nan misyon li sa lapè, chanjman ak lavi dwe ye. Li tabli relasyon kòrèk ant moun ak moun, epi ant moun ak Bondye. Jezi te chwazi chimen kè sansib ak renmen nan verite a jis nan bout, jous nan lanmò : li bay vi li pou lòt moun kapab viv lavi ak diyite, tankou pitit Bondye.

An n gade ki jan moso Labib yo prezante n Jezi. Lè Jezi antre nan vil Jerizalèm, yo akeyi li kòm Wa Lapè (Lik 19, 8-40), ki chita sou yon ti bourik, epi moun yo ap chante menm kantik zanj yo t ap chante jou Jezi te fèt la : « Lapè sou tè a pou tout moun li renmen yo ». Tèks levanjil sa a fè n sonje sa pwofèt Zakari (9, 9) te ekri sou Sila a k ap pote chanjman ak lapè pou pèp la.

Levanjil la prezante n dènye bout chimen Jezi, Sèvitè Yave a. Men kèk detay ki kab atire atansyon n nan levanjil la.

- Pandan yo t ap manje ansanm ak Jezi, diskisyon pete nan mitan disip yo pou konnen kilès nan yo ki pi grannèg. Jou anvan lanmò l, disip yo pokò konprann kisa k ap pase. Jezi esplike yo: sa k enpòtan an, sa ki dwe gide yo se sèvi lòt yo. Jezi se Wa Lapè. Li esplike vre sans pouvwa dwe genyen

nan mitan moun. **Disip yo pa dwe chèf, yo dwe vin reskonsab misyon renmen Jezi konfyè yo a.**

- Anvan yo kite sal la, Jezi mande si yo gen zam (nepe, manchèt) ak yo, li vle di yo : se yon moman britalite ak vyolans yo pral viv. Eske Jezi bandonnen chimen san vyolans lan ? Nan jaden an menm, Jezi pa pèmèt yo sèvi ak zam yo genyen an. Li geri Malkis ki gen tan blese. Evènman an montre aklè, Jezi pa t chèche pou yo pran defans li ak vyolans.
- Tout chimen lakwa l, se yon wout kote Jezi montre atansyon ak kè sansib pou lòt yo, tankou pou fanm Jerizalèm yo k ap plen sò li. Jezi asepte siy kè sansib yo pote bay li, tankou Simon ki te ede l pote kwa l.
- Levanjil dapre Lik ki sen fè n sonje Jezi padonnen kriminèl la ki te bò kote l sou kwa a. Jezi solidè ak feblès nou, li asepte solidarite lòt moun, epi, li ofri padon.
- Lè Jezi fin mouri, chèf women an rekonèt: se te « yon moun debyen, yon moun kòrèk ». Depi nan kòmansman tan karèm nan, yo te rele Abraram yon moun kòrèk (dezyèm dimanch lan). Pi gwo bagay yo di sou Jezi: se te yon moun kòrèk. Se te yon moun k ap travay pou chanjman ak lavi.

Se konsa Jezi reyalize sa pwofèt Izayi te di sou Sèvitè Granmèt la. Li prezante do l bay moun k ap frape l yo, li pa cache figi l bay moun k ap souflete l yo. Ak tou sa, labib la vle di: Jezi montre n kè sansib Papa a, li pa t sèvi ak vyolans kont moun ki rejte l. Li kontinye kwè nan diyite chak moun, menm moun ki fè l mal yo. Epi li envite epi li asepte konkou yo ba l. Delivrans Jezi pote a pa vin sou nou yon fason patènalis, san n pa mete men nou menm tou. Tout ansèyman etik Legliz la ede n konprann sa.



Senbòl pou dimanch sa a

Branch palmis, ramo (san nou pa koupe pyebwa yo pou sa). Tout kalite fèy vèt ap fè n sonje fason pèp la te akeyi Jezi pwofèt la, wa Lavi ak Lapè, nan vil Jerizalèm. Li se Wa lapè ak kè sansib ki pote jistis pou pòv yo.

Kòm senbòl toujou, nou kapab sèvi ak plizyè **zouti k ap**

sèvi pou reyalize jistis sosyal nou vle reyalize kòm patizan Jezikri. Pa bliye : Se pa bravo nou dwe bat pou pwofèt yo, men se koute pawòl yo, epi renmen frè ak sè n yo nan verite.

Pou refleksyon ak gwoup yo

Legliz dwe akonpaye fanmi yo ki nan pwoblèm

Gen kesyon legliz dwe poze tèt li ... tankou sou fanmi ki « pa regilye » yo, sou fanmi monoparantal, sou manm legliz katolik k ap viv nan plasay oswa k ap viv nan yon fanmi natirèl Legliz la pa beni. Tujou, gen moun ki te marye, men yo separe pou plizyè rezon epi yo marye yon lòt fwa devan Leta, el. Gen fanmi ki dekouvri timoun ki jèn yo devlope lòt tandans sèks (yo LGBT) ; gen timoun ak jèn ki antre nan gang ak vyolans, el. Nouvo teknoloji yo genyen enfliyans sou timoun ak jèn, granmoun yo pa kapab kontwole, el.

Akonpaye, disène, entegre

Legliz la toujou anseye: pou yon kretyen se sakreman maryaj Bondye vle. Sa vle di : tout sa yon kretyen fè, li fè l « nan Jezikri » ; konsa, li jwenn lagras ak favè Bondye ki mache ak sakreman an, epi li kapab yon modèl ak limyè toutbon pou sosyete a. Men, se pa tout moun k ap viv ideyal la; gen echèk, feblès ak peche moun; sosyete yo ak fanmi yo konn pase nan kriz.

- **Tout diferans nan mitan moun, si n pa aprann viv ak yo, si n pa jere yo byen, kapab tounen yon kriz ki mennen divizyon, ki menm kapab sous vyolans, ki siy lamò k ap menase nou. Li enpòtan pou n wè opòtinite ak posiblite diferans ak kriz yo pote ak yo menm tou. Yon kriz kapab yon chans pou fanmi an ak kominote a vin pi fò, men li kapab detwi l tou. Nou dwe konprann kriz yo ak jan anviwònman an (familyal ak sosyal) aji sou yo.**
- **Kesyon pou Legliz la (sa vle di pou tout fidèl yo): èske nou wè kriz sosyete a ak fanmi yo ap travèse yo? Eske nou ede yo pou jere yo byen? An jeneral, anpil moun ap fè konnen: legliz yo dwe antre pi fon nan**

reyalite lavi moun yo. Li pa sèlman dwe envite yo pou lapriyè, men tou, li dwe ede yo konprann epi travèse moman difisil yo.

- An n sonje kèk kriz ki boulvèse fanmi yo. Gen kriz nan mitan mesye ak madam (papa ak manman); konn gen pwoblèm ak timoun yo oswa pi devan ak jèn yo. Gen pwoblèm emosyonèl, sikolojik, kesyon youn manke konprann lòt. Gen pwoblèm ekonomik, pwoblèm pou reponn ak divès bezwen chak moun genyen ki merite satisfè (sa n rele sa k dwa moun) ; men konn gen lòt bagay tou moun vle reyalize. Gen fanmi ki defèt, epi yo refèt ak lòt moun, men toujou gen blese ki rete dèyè. Gen anpil manman ki sèl reskonsab pou elve epi edike timoun yo, paske papa a kite yo; li te pwofite manman an, men li pa t vle reskonsab. Gen anpil lòt pwoblèm toujou.
- Legliz la, ak egzanp Jezi devan je l, dwe chèche konprann moun nan difikilte yo, li dwe mache ak yo, li fè yo santi yo toujou manm toutbon nan Legliz la.

Nan echanj la, n ap gade kesyon sa yo ansanm:

- ✓ *Ki jan Legliz kapab antre pi fon nan lavi fanmi yo ki nan difikilte? Ki konsekans sa kapab genyen pou sosyete a limenm?*
- ✓ *Ki jan Legliz dwe akonpaye jèn yo pou yo pran reskonsablite familyal ak sosyal yo ak de (2) men yo?*
- ✓ *Ki wòl pastoral familyal la genyen, parapò ak reskonsablite sosyal ki sou do fanmi yo ?*


An n gade kèk lide nan *Amoris Laetitia* (AL):

Legliz la toujou pwopoze sa k pafè ak sa k pi bon an, epi li envite pou bay Bondye yon repons ki vin pi bon toujou. Men tou, Legliz la dwe akonpaye ak anpil atansyon pitit li yo ki pi frajil yo, sa ki make ak yon renmen ki blese, ki egare, pou rebay yo konfyans ak espwa. Li dwe tankou yon gwo limyè nan yon pò oubyen yon flanbo yo mete nan mitan yon pakèt moun pou klere sa k pèdi chimen oswa ki nan mitan tanpèt la.

Maryaj kretyen an, ki montre linyon ki genyen ant Kris la ak Legliz la, yo reyalize l anplèn lè yon gason ak yon fanm fè youn ansanm, youn bay tèt li pou lòt nan yon renmen san pataj, nan yon fidelite ki lib, yo youn pou lòt jis yo mouri e yo louvri pou bay lòt moun lavi ; inyon sa a konsakre nan sakreman an ki bay yo lagras pou fòme yon Legliz anndan kò kay yo a, ki tounen leven yon nouvo lavi pou sosyete a.

Gen lòt fòm iniyon ki kontredi ideyal sa a yon fason total ; men gen lòt ki reyalize l tankou yon konparezon (analoji). Sinòd la [sou lafanmi] te afime Legliz la pa sispans bay eleman pozitif sa yo valè nan diferan sitiyasyon sa yo ki pokò ou byen ki pa fin koresponn ankò ak ansèyman l sou maryaj la. (AL, n. 291b ak 292).

Antre pi fon nan yon prensip Ansèyman sosyal Legliz la



Tout bagay mare ansanm: an n gade alantou n pou n wè sa. Anyen pa egziste pou kont kò l. Nou bezwen moun yo ki bò kote n; nou bezwen lòt kreyati pou egziste e pou kenbe lavi n. Sa vle di tou : tout sa moun fè gen konsekans pou tout sa k egziste yo. Nou menm moun makonnen ak tout sa Bondye kreye: youn pa egziste san lòt.

Sa k rive fanmi yo enpòtan pou sosyete a; sa k rive sosyete a enpòtan pou lavi ak lapè fanmi yo, epitou pou tout sa Bondye kreye. Kriz peyi a ap viv, an menm tan li sosyal, li politik, li ekolojik, li aji sou tout anviwònman n ap viv ladan an. Konsa tou, richès ak lamizè makonnen ansanm.

Se wòl fanmi yo pou kanpe epi defann lavi sou tè a. Nan edikasyon timoun yo, nan jan yo òganize pwòp vi yo, nan chwa yo fè nan diferan domèn lavi yo.

Laudato Si fè n sonje : Lè yo pale sou anviwònman, yo pale sou relasyon yo ki genyen ant lanati ak sosyete a ki abite l. Konsa, nou pa kapab konsidere lanati tankou yon bagay ki separe ak nou menm oubyen sèlman tankou yon espas kote n mennen lavi nou. Nou fè pati lanati. Nou se yon moso ladan l, nou mele ak li. Lè yon zòn sal ou polye nou dwe gade fason moun yo k ap viv nan zòn sa a òganize vi yo ak sosyete yo a, ekonomi yo ak diferan aktivite yo. (Gade LS, n. 139).

Konsa pa gen de (2) kriz separe ki frape n: yon kriz anviwònmantal yon bò, ak yon kriz sosyal yon lòt bò. Se yon sèl kriz ki genyen: li touche tout relasyon nou yo anndan sosyete a, epitou ak tout sa k viwonnen nou.

Si tout bagay mare ansanm, fason enstitisyon sosyal yo ye ap gen konsekans pou anviwònman an ak pou bon kalite lavi moun yo. Tout atak kont solidarite a, kont zanmitay sivik la, ap pwovoke domaj pou anviwònman an tou. Nan sans sa a, ekoloji sosyal la dwe touche chapant sosyete nou yo, li dwe touche diferan dimansyon lavi a tankou fanmi yo, kominote lokal la, epi nasyon an, jouk relasyon ant nasyon ak peyi yo. Anndan chak nivo sa yo, epi antre yo, yo dwe devlope enstitisyon ki regle relasyon ant moun yo. Tout sa k nwizib ap gen yon rezilta negatif, tankou libète a ki nan degraba, enjistis k ap grandi ansanm ak vyolans. (LS, n. 142).

An n louvri je n:

- *Lè gen kriz nan peyi a, gade jan lari a ye ... tout fatra, tout negijans ... trafik la vin pi mal, gen mwens disiplin, plis vyolans ak joure moun ...*
- *Lè fanmi yo nan kriz, sosyete a tou ap nan pwoblèm. Kriz sosyal ak politik peyi a aji sou fanmi yo, sou jan moun yo aji youn ak lòt, ak jan yo pran swen pou lanati ki antoure yo.*

Men moun gen konprann, libète ak pouvwa pou pran desizyon. Li kapab deside pou kreye yon lòt avni ki pi bon pou li menm nan respè pou lòt moun ak pou tout sa Bondye kreye. ... Sa se reskonsablite n, li kòmanse toupre n, nan fanmi nou ak nan kominote nou, men li gen konsekans ki ale pi laj, paske tout bagay mare ansanm ...

Yon ti istwa pou fini

Pandan vwayan an [yon pwofèt] t ap lapriyè, yon pakèt moun pase bò kote l ki t ap bwete, ki mandyan, ki blese paske yo te malmennen yo.

Lè l wè yo, li rele byen fò : « Gran Dye, ki jan sa kab fèt pou yon kreyatè ki renmen, kapab wè yon bagay konsa epi li pa fè anyen pou yo? »

Bondye reponn : « Mwen te fè yon bagay ... Mwen te kreye ou. »

*Yon parabòl Soufi
Soufi se yon branch mistik nan Islam*

Lapriyè pou yon tè jan Bondye vle l

Granmèt, pèmèt nou gade tè a menm jan renmen ou lan ta vle wè l: yon tè kote fèb yo jwenn pwoteksyon, kote pa gen grangou ak lamizè ; yon tè kote yo pataje richès kreyasyon ou lan, epi tout moun kapab jwi yo ; yon tè kote moun diferan ras ak kilti ap viv an amoni ak respè youn pou lòt ; yon tè kote yo konstwi lapè ak jistis, epi kote se renmen k ap gide jistis la. Ba nou bon lidè ki gen kouraj pou bati li. Nou mande ou sa pa pouvwa Jezikri Granmèt nou an. Amèn.

United Church of Christ

Pou semèn sent lan

Selebre Sakreman yo, epi anonse Peyi kote Bondye Wa a ak tout valè li pote yo

Tan karèm, se yon moman Legliz la envite fidèl yo pou renouvle lavi sakreman yo, pou yo kapab nourri lafwa ak lavi yo kòm patizan Jezikri ni lakay, ni nan gran sosyete a tou.

Valè Levanjil la pote yo dwe make tout lavi yon patizan Jezi : lavi fanmi yo, lavi sosyal ak ekonomik, lavi politik ak kiltirèl la. Lafwa nou nan Jezi ki Sovè nou dwe total kapital, li dwe anbrase lavi a nèt. Si Levanjil la ak valè Jezi pote yo pa make tout dimansyon lavi a, lafwa nou nan laviktwa Kris la kapab pèdi enpak sou lavi reyèl moun.

Lafwa di n Bondye kreye moun pòtrè ak li menm, ki kominote ak Trinite (Papa a, Pitit la ak Lespri Sen an). Bondye te rele yon pèp pou l temwen renmen l, kè sansib ak jistis li nan listwa. Li te voye Jezi sove n kòm pèp, kòm kò, kòm fanmi. *Lavi sakreman yo dwe montre dimansyon kominotè ak sosyal lafwa nou genyen.*

Batèm nan fè n tounen pitit adoptif Bondye ak frè Jezikri. Nou pataje misyon l, ki yon misyon ki piblik epi ki gen rapò ak tout lavi moun sou tè a. Lè n batize, nou antre nan yon kò, ki se Legliz la. Legliz la tou genyen yon temwayaj piblik pou bay. Konsa, batèm nan se pa yon seremoni prive ant yon moun ak Bondye. Ak batèm nan, Bondye mete n ansanm pou n fè yon kò, yon gwo solidarite, kò Kris la, ki kontinye lavi ak misyon Jezi a kòm temwen Peyi Wa a yon fason piblik anndan sosyete a.


Lekaristi, lamès nou yo, se kote Kris la nourri n ak pwòp kò l ak san li. Kominyen nan Kò sa a chanje relasyon n yo ak moun yo ki bò kote n oswa ki kominyen menm jan avè n sou latè beni yon fason radikal : nou menm Kò a. Nan lamès, se fwi lakreyasyon, pen ak diven, ansanm ak travay moun, ki tounen siy prezans Kris ki leve a nan mitan n.

Lakominyon tou se yon jès piblik, ki mande li menm tou yon angajman piblik ak sosyal : ou pa kab meprize pòv yo, paske lè sa nou pa distenge kò a (Pòl nan 1 Korent). Sa vle di : nou pa vreman rekonèt prezans Jezi a nan pen ak diven, si n pa rekonèt prezans li nan moun pòv yo ak nan tout kò sosyal la.

Nan konfesyon an, nou akeyi padon Papa ofri n. Nou dwe egzaminen konsyans nou tou sou plizyè kesyon etik ak moral ki mare ak lavi sosyal, ekonomik ak politik la. Enjistis, se lè n pa respekte pawòl nou, men tou, se lè n rete endiferan devan egzijans Jistis sosyal la k ap detwi kò sosyal la ansanm ak lapè a. Lè n asepte koripsyon nan lavi n, nou fè sa k pa kòrèk, men tou, nou febli yon sosyete ak yon peyi. Kounye a, koripsyon fè chimen l tankou yon bagay ki nòmal, ki sosyal ; li vle tounen yon abitud anpil moun pran pou nòmal, men pratik la tounen yon vis k ap touye moun ki pi pòv yo.

Nou renmen repete : lafanmi se fondman sosyete a. Se vre. Men kisa sa vle di ? Ki lè yon fanmi tounen fondman yon sosyete ? Yon fanmi pa dwe yon egoyis « ant nou de (2) », menm si tout bagay parèt byen. Fanmi yo dwe yon kominote kè sansib, padon, verite ak jistis, kote diyite chak manm jwenn respè. Fanmi yo dwe pratike bon kalite ak valè moral yo ki enpòtan anndan sosyete a. Edikasyon timoun yo jwenn, dwe louvri je ak konprann yo sou sa k pase deyò a, epi montre yo viv ladan l ak libète kòm moun reskonsab. Bèl fanmi nou yo dwe konprann lamizè malere, yo dwe sansib pou yo epi solidè ak yo. Konsa, y ap travay pou gen plis Jistis sosyal nan peyi a. Pandan tan karèm sa, nou te reflechi sou diferan pwèn sa yo.

Chak sakreman ak tout lavi kretyen genyen yon pwogram ladan l ki enpòtan pou lavi nou chak ak pou lavi tout sosyete a. Levanjil la se pou chak moun li ye, li la pou tout moun, epi li dwe antre nan tout lavi moun nan. Tout moun envite pou anbrase pawòl delivrans Kris la. Renmen, kè sansib ak jistis la pa gen baryè, yo chèche fè lavi vanse.



Fèt Pak la
17 avril 2022

Jezi ki leve, pote kè poze pou fanmi yo ak sosyete a

Yon espiyitalite chanjman sosyal pou fanmi yo

- **Travay Apot yo 10, 34-43: Yo touye l sou kwa a, Bondye fè l leve vivan.**
- **Kolosyen 3, 1-4: Si nou leve ak Kris la, chèche sa ki anwo.**
- **oswa 1 Korentyen 5, 6-8: Wete vye leven mehanste ak malveyans la.**
- **Jan 20, 1-9: Li wè, ki fè li kwè. Fòk li leve sòti pami mò yo.**
- **oswa Lik 24, 1-12.**

Ann medite sou Pawòl la

Jezi mouri, li leve, kòm premye fwi Peyi kote Bondye Wa a li t ap anonse a. Chimen kè sansib, jistis ak lapè kote Jezi te mache, abouti sou Lavi Papa a fè l kado a (premye lekti).

Kòm patizan misyonè Jezikri n ap viv nouvo lavi sa a nou menm tou. « Chèche sa k anwo a ». Nou wete ansyen ledven mehanste ak malveyans, pou mete yon nouvo ledven lapè ak jistis k ap transfòme sosyete a. Jistis ki transfòme sosyete a, se li nou rele Jistis sosyal. Fwi l se Lapè sosyal, Lapè ki Jis paske l mache ak bon relasyon kòrèk nan mitan moun.

An n admire nouvo lavi sa a kote n ye a. An n nonmen bèl eksperyans nou fè nan Legliz nou ak nan kominote nou an: kote divizyon kaba, kote gen vre kè sansib ki louvri nouvo chimen, kote yo pratike lajistis san vanjans nan sèvis kominote a, yon fason pou louvri nouvo chimen. An n gade lavi fanmi nou yo ak sa yo reyalize nan mitan yo. Ki kote moun ap pran responsablite yo kòm sa dwa nan sèvis frè ak sè yo? Ki kote moun ap fè devwa yo san yo pa chèche tire avantaj sou feblès lòt yo?

Tout sa kapab yon boujon pou yon lavi tounèf k ap boujonnen nan sosyete nou an. Tout sa se goute n ap goute depi davans Peyi kote Bondye Wa a ak nouvo lavi Kris la lè li leve vivan. Se pou Lapè Kris la anvayi nou tout.

Pou refleksyon ak gwoup yo

Fanmi yo ak sosyete a nan limyè fèt Pak la

Fanmi ak sosyete se chimen yo ye pou rive jwenn Bondye

Modèl pou fanmi yo se Jezi ak Legliz la. Se yo menm fidèl yo mete kòm modèl pou lavi yo nan sakreman maryaj la. Men anpil fidèl reyalize ideyal sa a nan yon degre sèlman, paske se moun yo ye. Konsa, depi yo kwè nan Jezikri ki renmen yo epi ki leve vivan, yo toujou fidèl epi yo manm nan Legliz la ki dwe akonpaye yo.

Fanmi laj la tou kapab yon modèl pou sa legliz la ye. Yon fanmi se yon ti kominote Legliz li ye : yon kominote Legliz anndan kò kay la, kote fidèl yo viv lafwa yo, kote y ap viv nan renmen, epi yo montre espwa yo nan Peyi Wa a ki gen pou vini.

Tout fanmi toujou pran diyite yo nan Bondye ki kreye moun pòtrè ak li. Gason ak fi fèt pou youn konplete lòt epi pou ansanm yo montre sa renmen Bondye ye. Bondye kreye yo paske li renmen yo, epi pou yo kab renmen yo menm tou. Epitou, fanmi se yon sous lavi, paske se nan li timoun fèt, grandi, jwenn edikasyon. Se nan li menm tou yo aprann konnen epi renmen Bondye ki kreyatè a, ki fè moun pou pòtre ak li. Konsa, tout fanmi tounen yon chimen pou jwenn Bondye. Yon fanmi se moun ki swiv Jezikri ansanm ; paran yo se de (2) disip yo ye ; Kay yo se kote Lespri Bondye a abite.

Tout lavi sosyal dwe yon chimen pou al jwenn Bondye, depi yon moun konprann epi viv lavi li kòm yon kado Bondye. Bondye rele n kòm pèp; Jezi bay vi l pou rasanble yon pèp k ap fè louanj Bondye. Ata politik la, ki vle di jesyon pouvwa

nan sèvis lòt yo, dwe tounen yon wout pou vin sen. Fè politik, jan Legliz la fè n wè, dwe tounen yon fason pou montre renmen n genyen pou tout pitit Bondye yo. Se konsa tou pou lavi ekonomik oswa ak nenpòt metye yon moun aprann epi li pratike ak renmen.

GE (Gaudete et Exultate) di I konsa:¹⁵

Lè m rankontre yon moun ki dòmi deyò nan move tan, lè I fè frèt, mwen kapab konsidere pakèt sa tankou yon bagay mwen pa t prevwa, yon delenkan, yon obstak sou wout la, yon pikan ki jennen konsyans mwen, yon pwoblèm politisyen yo dwe regle, petèt menm, m kapab di se yon fatra ki sal espas piblik la. Mwen kapab reyaji tou ak lafwa ak charite epi rekonèt nan limenm yon moun ki gen diyite tankou m, yon kreyati Papa a renmen, yon pòtre Bondye, yon frè Jezikri rachte ... Soulaje yon sèl moun deja sifi pou jistifye tout jefò m kapab fè, men sa pa sifi. ... Nou pa dwe fè bon zèv sèlman, men [nou dwe] chèche yon chanjman sosyal. Pou libere jenerasyon k ap vini yo tou, objektif nou dwe ye pou mete sou pye yon seri sistèm sosyal ak ekonomik ki kòrèk, konsa pa p gen moun sou kote ankò pi devan. (GE, n. 98 ak 99).

Espirityalite famiyal ak kominotè selon AL

Renmen an genyen plizyè koulè diferan ladan li selon eta lavi Bondye te rele chak moun. ... preyokipasyon famiyal nou yo pa dwe etranje ak estil vi selon Lespri a. (gade AL, n. 313).

Bondye ki Papa a ak Pitit la ak Lespri Sen an prezan nan tanp la ki se kominyon maryaj la. ... Prezans Granmèt la parèt nan fanmi reyèl ak konkrè yo, ak tout soufrans yo, batay yo, kè kontan ak jefò n ap fè chak jou yo. Lè n viv nan yon fanmi, li difisil pou fè kòmси, oswa pou bay manti ; nou pa kapab pote yon mask. Si se renmen ki abite anndan otantisite (senserite) sa a se Granmèt la ki gouvènen ak kè kontan ak lapè li. Espirityalite renmen

¹⁵ GE, Gaudete et Exultate. Se pou kè n kontan, se pou n nan lajwa. Tèks la pale sou ki jan pou vin sen nan lavi chak jou.

familyal la fèt ak mil jès reyèl e konkrè. Nan pakèt divès kado ak rankont sa yo, kominyon an grandi epi se la menm Bondye ap fè lakay li. (Gade AL, n. 314).

Kominyon familyal la, lè n viv li byen, se yon vre chimen pou vin sen nan lavi chak jou ; se yon chimen kwasans mistik, yon mwayen pou fè youn yon fason entim ak Bondye. ... [paske] ... fèmen je l pou pwochen li fè moun vin avèg devan Bondye ; renmen an se sèl vre limyè a ki klere san rete yon mond ki nan fènwa. ... Chak moun nan jan l fèt la, genyen nan li yon dimansyon sosyal. Premye ekspresyon orijinal dimansyon sosyal moun nan genyen an, se koup la ak fanmi an ... (Gade AL, n. 316).

Antre pi fon nan yon prensip Ansèyman sosyal Legliz la

Lapè ki kòrèk

Gaudete et Exultate (GE) se yon dokiman Pap Franswa te ekri sou fason nou kapab **vin sen nan lavi chak jou**. An n dekouvri kèk lide ki parèt ladan l :

Se chans pou moun k ap travay pou lapè, paske y ap rele yo pitit Bondye. Pawòl sa a fè n sonje pakèt lagè ki genyen sou latè beni epi k ap repete toutan. Lè n gade pwòp tèt nou, nou remake souvan nou ankouraje konfli yo, oubyen nou sous tout kalite malantandi. ... (GE, n. 87)

Li pa fasil pou bati lapè Levanjil la mande a, lapè ki pa mete moun sou kote, men ki gen plas tou pou moun ki yon ti jan dwòl, moun ki difisil e konplike, sa k mande atansyon, sa k diferan, sa lavi a te malmennen, sa k gen lòt enterè. Se yon bagay ki pa fasil, li mande yon lespri ak yon kè ki ouvè, paske se

pa yon kesyon pou etabli yon konsansis biwo oubyen yon lapè ki pa gen rasin paske li fèt pou yon ti gwoup moun kapab santi yo alèz ; se pa yon pwojè pou kèk moun nonplis. Nou pa dwe fè kòm si pa gen konfli oubyen nou kache yo, men nou aksepte epi sipòte konfli yo, epi nou rezoud yo oubyen transfòme figi yo pou yo tounen yon chèn chanjman. ... (GE, n. 89)

Yon kretyen ou kretyèn pa janm kapab santi l alèz nèt. Soulaje yon sèl moun ta deja sifi pou nou fè tout jefò nou kapab fè, men sa pokò sifi. ... Li pa sifi pou poze kèk bon zèv, men nou dwe chèche yon chanjman sosyal. Pou asire jenerasyon k ap vini yo kapab viv lib, li klè, nou dwe chèche konstwi yon seri chapant sosyal ak ekonomik ki kòrèk, yon fason pou pi devan pa gen esklizyon ou mete moun sou kote ankò. (GE, n. 99).



Yon ti istwa

Kwè nan ti sa n kapab fè pou reyalize Lavi, Lapè ak Fratènite ...

Nan yon lekòl nan vil Boston Ozetazini, yo t ap fè yon ankèt pou wè si moun yo te konsidere yon lagè ak zam nikleyè ta kapab rive vre.

Tout timoun yo, sòf youn, te panse lafen dimonn toupre rive.

Lè yo mande pitit sa a pou kisa li pa t kwè yon lagè atomik ap rive toutbon,

li reponn: « Paske papa m ak manman m ap fè kanpay kont sa. »

Priyè Franswa ki Sen

Granmèt, fè nou sèvi zouti nan men ou pou mete kè poze

Kote youn rayi lòt, fè nou mete tèt ansanm

Kote youn derespekte lòt, fè nou mete padon

Kote youn pa vle wè lòt, fè nou mete renmen

Kote youn vle twonpe lòt, fè nou mete laverite.

Kote ki gen dout, fè nou mete konfyans

Kote ki gen dekourajman, fè nou mete espwa

Kote ki gen fènwa, fè nou mete limyè

Kote ki gen lapenn, fè nou mete kè kontan.

Granmèt, fè nou pito konsole pwochen nou

Pase se konsolasyon n ap chèche pou tèt nou

Fè nou pito respekte lòt yo

Pase n ap reklame pou yo respekte nou.

Paske se lè nou bay, n ap resevwa

Se lè nou bliye tèt nou, n ap jwenn pa nou

Se lè nou padonnen pwochen nou, n ap jwenn padon pou nou

Se lè nou mouri, n ap leve byen vivan. Amèn.

Kèk priyè toujou pou fanmi yo ak sosyete a Ki sòti nan diferan konviksyon relijye

Yon lapriyè pou jou Saba

Granmèt, nou pa kapab lapriyè ou sèlman pou ou fini ak lagè;
Paske nou konnen ou te kreye tè a yon fason pou nou menm moun jwenn chimen pa
nou pou rive nan lapè anndan kè nou, ni ak lòt yo.

Nou pa kapab lapriyè ou, Granmèt, sèlman pou fini ak grangou;
Paske ou deja ba nou tout resous ou sèvi pou bay tout latè a manje, si n ta sèvi ak yo
ak sajès.

Nou pa kapab lapriyè ou, Granmèt, sèlman pou fini ak prejije ;
Paske ou deja ba nou je ki pèmèt nou wè tout sa ki bon nan tout moun, si n ta dakò
pou sèvi ak je yo kòm sa dwa.

Nou pa kapab lapriyè ou, Granmèt, sèlman pou fini ak dezespwa ;
Paske ou deja ba nou pouvwa pou kraze bidonvil yo epi pou mete espwa, si n ta sèvi
ak pouvwa n yon fason kòrèk.

Nou pa kapab lapriyè ou, Granmèt, sèlman pou fini ak maladi ;
Paske ou deja ba nou anpil entèlijans pou jwenn remèd ak gerizon, si n ta sèvi ak yo
yon fason pou konstwi.

Pou tout rezon sa yo nou lapriyè ou, Granmèt, pou fòs, desizyon ak yon volonte ki solid.
Konsa, n ap kapab fè olye nou lapriyè sèlman; n ap kapab grandi olye nou swete sèlman.
Dapre Jack Riemer, yon rabi (pwofesè jwif) Ozetazini

Yon lapriyè pou viv Levanjil la

Bondye ki te la ayè, ki la jodi a, k ap la denmen, nou vle sonje prezans ou anndan nou ak alantou nou.
Louvri zòrèy nou pou n tande Pawòl ou a,
Louvri kè nou pou n konprann Pawòl ou a,
Louvri bouch nou pou n kapab pale Pawòl ou a.
Enspire n ak mesaj Levanjil la,
Pou n kapab selebre tout sa k bay lavi,
Fè espwa a tounen kote l te pèdi,
Epi travay pote chanjman kote sa nesesè.
Nou lapriyè ou pou n kapab viv Levanjil ou a ak kouray, yon fason konsekan, ak renmen.
Se pou n louvri pou defi sa mete devan n lè w rele n nan vre libète a.
Se pou n fidèl ak ou nan tout chwa n ap fè ak desizyon nou pran chak jou.
Se pou fè lòt konnen renmen ou poutèt bon pawòl ak aksyon nou yo.
Se pou Bondye ki twa ak yon sèl abite nan kè n, kounye a e pou toutan. Amèn.
Konsèy katolik pou Jistis Sosyal, peyi Ostrali

Pou viv nan lapè

*Bondye, ou te bay tout pèp yo yon menm orijin kote yo tout sòti,
Se volonte ou pou yo tout rasanble tankou yon sèl fanmi nan oumenm.*

*Nou mande ou plen kè tout moun yo ak dife renmen ou lan
Epi ak yon anvi pou asire Jistis pou tout moun.*

*Nou mande ou pou nou kapab asire egalite pou tout moun, pou tout frè ak sè yo sou latè
beni, lè n konn separe tout bon bagay ou menm ou ba nou.*

Nou lapriyè pou tout divizyon sispann, ansanm ak jalouzi e lagè.

*Nou swete pou tout moun, gason kou fi, kòmanse mete sou pye yon sosyete kote moun
kapab viv, paske l bati sou renmen ak lapè.*

Nou mande ou sa nan non Jezikri, Granmèt nou an.

Catholic Online

Yon lapriyè pou vin temwen

Lespri Bondye,

Nou tande envitasyon ou pou bati Peyi kote Bondye Wa a.

Tanpri, plen nou ak yon anvi pou chanje tèt nou epi pou chanje tè a.

Mete yon dife ak yon pasyon anndan n pou n kab pran angajman pou jistis la, pou n kapab chanje sitiyasyon ak chapant sosyal ki enjis yo.

Ba nou yon preyokipasyon pi pwofon pou frè ak sè n yo nan peyi n ak lòt bò dlo k ap viv anba chay lamizè, lagè ak tout kalite peze-souse ak pèsekisyon.

Fè n cho pou n kab fè sa n dwe fè nan misyon Legliz la nan mond kote n ap viv la jodi a.

Retire nan kè nou ak lespri nou tout anvi move konpwomi.

Montre nou rekonèt kote manke gen jistis.

Fè nou toujou aji selon Lespri Jistis ou a.

Fè nou planifye, lapriyè epi reyalize yon lòt kalite sosyete kote solidarite ak youn pran swen lòt ranplase enjistis ki genyen an.

Ak lavi Lespri ou a anndan n, nou mande ou pou n kab avanse sou chimen Lapè Lespri Sen an pou renmen ak sèvi Granmèt la. Amèn.

Konsèy katolik pou Jistis sosyal an Ostrali

Yon lapriyè pou gen Jistis

Bondye, tanpri, fè pou fòs renmen an ranpòte laviktwa sou tout kalite vyolans,

Fè pou kote k gen opozisyon, yo louvri chimen pou rekonsilyasyon,

Pou anvi pou dominen lòt tounen yon anvi pou padonnen, pou mete jistis ak lapè ...

Pou lapè abite nan kè nou, pou yo louvri pou travay lagras Bondye a ...

Se pou tout manm nan kominote a ki fanmi nou, sitou timoun yo, ansyen yo ak sa k pi fèb yo, santi chalè evènman sa a, epi se pou l rive kouvri tout jou yo nan lane a. Amen.

Pap Benwa XVI